

IKIYAGO

c' Inama Nshingamateka

www.assemblee.bi

www.flickr.com/inamanshingamateka

Facebook: Inama nshingamateka

twitter: @nshingamateka

youtube: www.youtube.com/channel/UCeQK6fYnNXBCQLm7w4KV2jw

Umukuru w'Inama Nshingamateka yaribereye icabona mu Rumonge aho umurwi CVR wariko urerekana ibisigarira vy'abarundi bishwe mu rwimo 1972

P:11



#KUGENZURA IBIKORWA VYA RETA

Ikoraniro ry'abashingamateka n'abakenguzamateka Umushikiranganji wa Mbere abashikiriza imigambi Reta itegukanya kurangura, mu kiringo c'umwaka w'2020 ushira uw'2021.

P: 19

#GUTORA AMABWIRIZWA

Integuro y'ibwirizwa inomeru 1/...yo ku wa ...2020 ijanye n'ishirwaho ry'itunganywa ry'inzira imanza z'amatati zikurikiza rijanye n'isubizwaho ry'urwego rw'intaha yo kumugina

P:34

#GUSANGA ABENEGIHUGU KU KIVI

Icegera ca mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yaragendeye abamutoye mu ntara ya Muyinga.

P:31



N°:3/2020 Munyonyo, Kigarama 2020

Inomeru idasanze

Palais des Congrès de Kigobe

B.P: 120 Bujumbura - Burundi

Tél: (+257) 22 26 70 55 / 22 26 70 07



ABASHINGAMATEKA B'IKIRINGO CA

2020-2025



Trés Hon. Gelase Daniel NDABIRABE
Umukuru w'Inama Nshingamateka
KAYANZA - Hutu - CNDD-FDD



Hon. Sabine NTAKARUTIMANA
Icegera ca mbere c' Umukuru w'Inama
Nshingamateka
MUYINGA - Hutu- CNDD-FDD



Hon. Abel GASHATSI
Icegera ca kabiri c' Umukuru w'Inama
Nshingamateka
MURAMVYA- Tutsi - UPRONA

Palais des Congrès de Kigobe

B.P: 120 Bujumbura - Burundi Tél: (+257) 22 26 70 55 / 22 26 70 07

ABARONGOYE IMIRWI YAMAHO MU NAMA NSHINGAMATEKA

Hon. Claude NAHAYO
NGOZI - HUTU - CNDD-FDD

Arongoye umurwi wamaho ujejwe intwari ibereye no gushira mu minwe y'abikorera utwabo amashirahamwe, inyubako n'ibindi bikorwa Leta ifisemwo imitahe.



Hon. Come MANIRAKIZA
BUBANZA - HUTU - CNDD-FDD

Arongoye umurwi wamaho ujejwe politike, intwari, imigenderanire n'amakungu hamwe n'ibihugu bigize akarere ka Afirika y'Ubuseruko.



Hon. Jocky Chantal
NKURUNZIZA
RUYIGI - TUTSI - CNDD-FDD

Arongoye umurwi wamaho ujejwe uburimyi, ubworozi ibidukikije, guteza imbere ama komine hamwe n'ibikorwa vya Leta



Hon. Evariste NDIKUMANA

MAIRIE - TWA

Arongoye umurwi wamaho ujejwe ubutungane n'agateka ka zina Muntu.



Hon. Zénon NDARUVUKANYE
BUJUMBURA - HUTU - CNDD-FDD

Arongoye umurwi wamaho ujejwe umutekano no kwivuna abansi



Hon. Pamphile MALAYIKA
MUYINGA - HUTU - CNL

Arongoye umurwi wamaho ujejwe imibano, guhungura impunzi, kunganisha amahirwe no kurwanya SIDA.



Hon. Felix MPOZERINIGA
NGOZI - HUTU - CNL

Arongoye umurwi wamaho ujejwe indero, urwaruka imico kama nogutumatumanako amakuru.



Hon. Nestor NTAHONTUYE
RUYIGI - HUTU - CNDD-FDD

Arongoye umurwi wamaho ujejwe ibibazo vy'ubutunzi.





Hon. Donathile BACIMISI
CIBITOKE - HUTU - CNL



Hon. Réverien BANTEYUBWOBA
KIRUNDO - HUTU - CNL



Hon. Chantal BARAMPAMA
BUJUMBURA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Nadine BARAMPAMA
KARUSI - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Ildephonse BARYANTIMBA
KIRUNDO - HUTU - CNL



Hon. Médiatrice BAZIZANA
NGOZI - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Emmanuel BIGIRIMANA
CIBITOKE - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Salvator BIGIRIMANA
CANKUZO - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Zénon BIGIRIMANA
MWARO - HUTU - CNL



Hon. Edmond BIGIRUMUHIRE
KIRUNDO - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Rémy BIGIRUMUSASE
KIRUNDO - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Simon BIZIMUNGU
CIBITOKE - HUTU - CNL



Hon. Pascal BIZUMUREMYI
RUYIGI - HUTU - CNL



Hon. Petronie BUCUMI
BURURI - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Elias BUREGURE
MAIRIE - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Désiré BUTOYI
GITEGA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Emmanuella CISHAHAYO
RUMONGE - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Rédempteur GAHITIRA
MUYINGA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Thacien GAHUNGU
RUYIGI - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Pascal GIKEKE
MAIRIE - HUTU - CNL



Hon. Fidélité HABARUGIRA
GITEGA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Lyduine HABARUGIRA
BURURI - HUTU - CNL



Hon. Suavis HABONARUGIRA
GITEGA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Georges HAKIZIMANA
MAIRIE - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Léopold HAKIZIMANA
KAYANZA - HUTU - CNL



Hon. Alice HARERIMANA
CIBITOKI - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Laurent HARUSHIMA
MAKAMBA - HUTU - CNL



Hon. J. Claude HASABINTWARI
KIRUNDO - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Athanase HATUNGIMANA
BURURI - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Godeberthe HATUNGIMANA
RUTANA - TUTSI - CNL



Hon. Dieudonné HIBONEYE
NGOZI - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Alice INAMUCO
MAIRIE - TUTSI - CNL



Hon. M. Claire KANEZA
MUYINGA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Denis KARERA
GITEGA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Evariste KAYOBERA
KARUSI - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Cathy KEZIMANA
BUJUMBURA - TUTSI - CNL



Hon. J. Claude KWIZERA
MWARO - TUTSI - CNL



Hon. Aline MANIRABARUSHA
MUYINGA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Alexis MANIRAKIZA
BUBANZA - HUTU - CNL



Hon. Emile MANIRAKIZA
BURURI - HUTU - CNL



Hon. Francine MANIRAKIZA
RUTANA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Antoine MANIRAMBONA
MAKAMBA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Prosper MANIRAMBONA
MURAMVYA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Thérance MANIRAMBONA
GITEGA - HUTU - CNL



Hon. J. Berchmans MBANYE
BUJUMBURA - HUTU - CNL



Hon. Sauda MBONEKO
BUJUMBURA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Parfait MBONINYIBUKA
RUTANA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Violette MINANI
RUTANA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Zachée MISAGO
MAKAMBA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Justine MPAWENAYO
NGOZI - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Euphrasie MUTEZINKA
KIRUNDO - TUTSI - CNL



Hon. Lazare MVUYEKURE
GITEGA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Réverien NAHAYO
RUTANA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Dieudonné NAHIMANA
BUJUMBURA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. M. Rose NAHIMANA
CANKUZO - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Euphrasie NAKAMANA
KARUSI - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Léonidas NAKUMURYANGO
KARUSI - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Bernard NDAYISENGA
MAIRIE - HUTU - CNL



Hon. M. Rose NDAYISHIMIYE
MUYINGA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Anicet NDAYIZEYE
KAYANZA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Antoinette NDIKUMAGENGE
CANKUZO - HUTU - CNL



Hon. Janvière NDIRAHISHA
MAKAMBA - HUTU- CNDD-FDD



Hon. Dieudonné NDIZEYE
KARUSI - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Bernardine NDUWIMANA
MWARO - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Déo NDUWIMANA
RUMONGE - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Hassan NDUWIMANA
MUYINGA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Nicodème NDUWIMANA
MURAMVYA - HUTU - CNL



Hon. Patricie NDUWIMANA
KAYANZA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Sylvestre NGENDAKUMANA
KAYANZA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Solène NGENDAKUMANA
RUMONGE - TUTSI- CNDD-FDD



Hon. Néema NIBITANGA
CIBITOKE - TWA - UNIPROBA



Hon. Antoinette NIBIZI
KIRUNDO - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Epimeny NIBIZI
NGOZI - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Agrippine NIHORIMBERE
RUMONGE - TUTSI - CNL



Hon. Céline NIJIMBERE
KARUSI - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Onesphore NIJIMBERE
MAKAMBA - HUTU - CNL



Hon. J.Claude NIMUBONA
MURAMVYA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Silas NIRAGIRA
MURAMVYA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Bénigne NISHIMWE
KIRUNDO - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Célestin NITANGA
RUMONGE - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Martin NIVYABANDI
MUYINGA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Alice NIYITUNGA
CIBITOKE - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Justin NIYOBUNGIRO
CIBITOKE - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Alodie NIYONKURU
CANKUZO - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Pélate NIYONKURU
KAYANZA - HUTU - CNL



Hon. M. Rose NIYONSABA
RUYIGI - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Constantin NIYONZIMA
NGOZI - HUTU - CNDD-FDD



Hon. J. Baptiste NIYONZIMA
BUBANZA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. P. Claver NIYUBAHWE
KAYANZA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Sylvie NIZIGAMA
BUBANZA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Fébronie NIZIGIYIMANA
MURAMVYA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Constantin NKENYEREYE
RUYIGI - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Jacqueline NKURUNZIZA
NGOZI - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Ritha NSABIMANA
KIRUNDO - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Jean NSHIMIRIMANA
MUYINGA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. M. Immaculée NTACOBAKIMVUNA
GITEGA - HUTU - CNL



Hon. J. Marie NTAGAHORAHU
GITEGA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Obed NTAKIYIRUTA
RUMONGE - HUTU - CNL



Hon. Anicet NTIRAMPEBA
KAYANZA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Dévote NTISUMBWA
MAKAMBA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Bède NYANDWI
RUTANA - HUTU - CNL



Hon. Zainabu NZEYIMANA
GITEGA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Charles RUGEMA
KARUSI - TUTSI - CNL



Hon. Agathon RWASA
NGOZI - HUTU - CNL



Hon. Catherine RWASA
KIRUNDO - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. J. Baptiste SINDAYIGAYA
KIRUNDO - TWA - UJEDECO



Hon. Apollinaire SINDAYIKENGERA
MWARO - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Gaston SINDIMWO
MAIRIE - TUTSI - UPRONA



Hon. J.Pierre SINZINKAYO
BUJUMBURA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Venant SINZINKAYO
GITEGA - HUTU - CNDD-FDD



Hon. Olivier SUGURU
BUBANZA - TUTSI - CNDD-FDD



Hon. Sylvain NKUNDWANABAKE
CIBITOKE - HUTU - CNDD-FDD

Umukuru w'Inama Nshingamateka yaribereye icabona mu Rumonge aho umurwi CVR wariko urerekana ibisigarira vy'abarundi bishwe mu rwimo 1972



Hari kw'igenekerezo rya 20 nyakanga 2020, aho umukuru w'Inama Nshingamateka Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe yari ahagarariye ibirori vy' aho umurwi CVR wari uramutse usozera vy'imfatakibanza ibikorwa vyawo vyo kwerekana ibisigarira vy'Abarundi bishwe mu 1972. Nitunga consolateur, buramatari w'intara ya Rumonge yamenyesheje ko intara ya Rumonge yifashe neza naho mu minsi iheze inkosi z'ikibi zari zagerageje guhungabanya umutekano ariko zigasanga inyabune yifashe neza. Umukuru w'umurwi ujejwe kumenya ukuri no kunywanisha abarundi (CVR), Ambasaderi Petero Karaveri Ndayicariye, ku ruhande rumwe

yarasiguye uko ibikorwa bimeze muri ako karere kagizwe n'intara ya Rumonge hamwe na komine Nyanza-lac imwe mu ma komine agize intara ya Makamba. Ati ibinogo vyatowemwo ibisigarira vy'abantu bishwe mu 1972 babisanze ahanini

nko kw'isoko ya Minago, ku bitaro bikuru vya Rumonge, kw'isoko ya Kizuka, kw'ishengero rya Pentekoti ya Mutambara muri zone Gatete (mu kigwati ca Makombe), i Buruhukiro, Kigwena hamwe no muri komine ya Nyanza-lac ku rushengero rwa



pentekoti. Umukuru w'umurwi CVR yamenyesheje ko intara ya Rumonge ifise ivyo yisangije kuko basanze hamwe muri ivyo binogo amagufa

abanyamahanga badutemyemwo ng'urya ni umuhutu canke ngo ni umututsi, canke ngo ni umutwa dutako Abarundi turavyemera kandi

Nyeniteka ati Uburundi bwokoresheje amafaranga menshi muri kino gikorwa, mugabo kubera abantu bitanga bakerekana aho hantu vyatumye ubwo buryo bugabanuka cane kugeza yaho bamwe batangara kuko bari bibaza ko bitokunda bataduhaye imfashanyo. Kubera ivyo rero, aba bantu bariko barasubizwa agateka kabo, abarundi bagiye kuronka amahoro kuko ata mahoro yobonetse aba bantu badasubijwe agateka kabo ndetse n'ababo bakagandara mu gihe bataronse umwanya wo kugandara no kuririra ababo. Yabandanije amenyesha ko ivyo bisigarira ari ivy' abantu kuko h a b o n e k a m w o i k a r a t a karangamuntu, inkofero z'abantu; ivyo bikaba ibimenyetso ntabesha ko ari abantu. Ati naho kwibaza nimba ico gihe amashirahamwe mpuzamakungu nka za Human Rights Watch ko atatabaye, ntayari ariho? Ati abarundi twese dusabwa g u k u n d a n a t u r w a n y e ibiducanishamwo. Yarasavye kandi umurwi CVR gukingira ivyabona n'abo bese bamenyesha ukuri kuko hariho abo bitanezera. Ivyo bikorwa vyariko bibera ku kibuga c'umupira w'amaguru co mu Rumonge



yirabura, ivyo ngo bigasigura ko abo bantu babanje guturirwa n'igitoro imbere yuko batabwa muri ivyo binogo rusangi .Ikindi catangaje abakozi ba CVR ni uko basanga impuzu arizo nyinshi kuruta amagufa! Umukuru w'umurwi CVR agasigura ko biva k'ukuntu abo bantu bicwa hanyuma ntibahambwe maze bakariribwa n'ibikoko hejuru, mu nyuma abantu bakegeranya izo mpuzu, amagufa yatwawe n'ibikoko. Ambasaderi Petero Karaveri Ndayicariye yarashimye ko ivyo bikorwa babikesha abakurambere babonye ubwo bwicanyi canke abacitse kw'icumu kuko aribo baheza bakerekana aho abo bantu bahambwe mu binogo rusangi. Yatanze akarorero k'ibitaro vyo mu Rumonge i ruhande y'aharwarira abana aho hatowe amagufa y'abantu 497, gerenade 2, ikarata karangamuntu y'uwitwa Songoro hamwe n'inkofero zaba isiramu ivyo bikaba bigaragaza ko aho hantu hahambwe abantu atari ibikoko. Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe amaze gufata ijamba, yabanye gusaba ikigongwe imbere y'Imana n'abantu kuko intwari y'ico gihe itatabaye abenegihugu yari ijejwe. Ikindi n'uko bitwaje Imana mu kwicana kandi Imana yaturemye mw'ishusho yayo kubera ububegito bw'ivyo

turemera turabigendera. Ati rero barundi benewacu nk'uko twashize Imana imbere muri vyose twizere kandi tubigendere ko ata maraso azosubira guseseka hano mu Burundi bwacu. Yabandanije ashimira yongera atera intege umurwi CVR ku gikorwa c'iteka ku gihugu no kuribo nyene kuko bariko bakora igikorwa c'Imana . Ati ico gikorwa ni ubutumwa bw' Imana kuko ababikoze bari bazi ko babinyegeje kuko hamwe bahateye ibiti, ahandi bahubakako amazu kugira ngo aho



hantu ntihazomenyekane; yamara ngo ukuri kugeze aho kuja ahabona kugira ngo kubohore abarundi, ati ntawushobora kukunyegeza.

vyasozerewe n'amasengesho nkuko ariyo yari yabitanguje.

Jean Claude BUMWE

Umukuru w'Inama Nshingamateka yararanguriye ibikorwa vy'iterambere rusangi mu ntara za Kayanza na Karusi.

Mu kiringo c'akaruhuko k'Inama Nshingamateka ka munyonyo 2020, iruhande y'inama yagirishije imigwi itandukanye y'abenegihugu bo mu ntara za Kayanza na Karusi, Umukuru w'Inama Nshingamateka Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe yarateye intege abenegihugu mu bikorwa vy'iterambere rusangi mu kwifadikanya nabo.

Mu ntara ya Kayanza, Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe yarifadikanije n'abenegihugu mu bikorwa vyo gusibura umuserege w'ibarabara ry'ikaburimbo riva ku murwa mukuru w'intara ya Kayanza rija mu ntara ya Cibitoke. Hakaba hari ku wa gatandatu igenekerezo rya 14 Munyonyo 2020. Iryo bikorwa bikaba vyari vyitabwe kandi n'izindi ndongozi z'imvukira zo ngaho mu ntara ya Kayanza, harimwo n'Umuhuza w'Abarundi, hamwe mbere n'abakenyezi baturikiye mw'ishirahamwe y'Umukenyezi w'Intwari.

Ngaho nyene mu ntara avukamwo ya Kayanza, Umukuru w'Inama



Nshingamateka, Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe yarifadikanije n'abenegihugu bo muri zone ya Kabuye, komine Kayanza mu bikorwa vyo guca imikobeko ku mutumba wa Kinzobe, kugira bakingire isi ndimwa hamwe n'ibarabara rya Kayanza-Ngozi. Hakaba hari ku muni wa kane wahariwe ugukingira ibidukikije. Muri icyo minsi nyene yamaze mu ntara ya Kayanza mu karuhuko, Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe yarifadikanije kandi n'abenegihugu ba komine avukamwo ya Matongo

mu bikorwa rusangi vyo gusanura ibarabara rya mu kigwati ca Kivumu. Muri icyo bikorwa, Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka akaba yari kumwe n'abashingamateka hamwe n'abakenguzamateka batowe ngaho nyene mu ntara ya Kayanza. Akaba yaratanze impanuro ku benegihugu zijanye no kumenya gukamisha ubutunzi imana yabahaye mu ntara hamwe no gukorera hamwe mu ma koperative kugira ngo barwanye ubukene. Ati ibikorwa rusangi vyaratumye twiyubakira inyubakwa nini nini kandi ziteye igomwe ata mfashanyo yo hanze turinze kuronka. Ni iteka kuri twebwe abarundi. Ati ni mubandanye muri icyo nzira. Yarongeye ati hari mbere n'abariko baravyiyitirira kuko bariko barabona akamaro kavyo.

Kuri icyo nyene c'ibikorwa rusangi, Umukuru w'Inama Nshingamateka yamenyesheje ko icyo dukoze icyo bikorwa rusangi, tuba twinjije amafaranga menshi mu kigega ca Leta. Yarabahamagariye kandi gukorera hamwe mu ma koperative,



ati n'abakozi ba Reta ntimusigare inyuma, namwe je ku kivi murime mugwize umwimbu. Ati dutegerezwa twese gushigikira Reta Mvyeyi Reta Nkozi yashize imbere kurwanya ubukene. Ubu Inama Nshingamateka nayo yabaye Inama Nshingamateka Mvyeyi, Inama Nshingamateka Nkozi.

Aho nyene mu Kayanza muri urwo rugendo yarimwo, Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka akaba yaratanze imfashanyo ku miryango ifise amikoro make yo mu makomine ya Matongo, Muruta na Kabarore. Iyo mfashanyo ikaba yari igizwe n'itoni zibiri z'umuceri, itoni imwe n'igice y'ibiharage hamwe n'ibitenge ijana.

Ibikorwa rusangi kandi Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka yarabiranguriye mu ntara ya Karusi aho nahone yamaze imisi agendera iyo ntara mu karuhuko k'Inama Nshingamateka ko muri munyonyo 2020. Ku munsu wa mbere igenekerezo rya 23 munyonyo 2020, Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe yarifadikanije n'abenegihugu bo muri komine Gihogazi mu bikorwa vyo kwagura ishure shingiro rya Gasongati, risanzwe rihagarariwe n'ishengero ry'Abagenzi. Hakaba hazokwubakwa amasomero atandatu kugira ngo abanyeshure bahora biga nabi kubera ubwinshi boroherwe. Nyeniteka akaba yarashinze ibuye rya mbere ry'umushinge w'izo nyubakwa.

Ku munsu wa kane naho igenekerezo rya 26 Munyonyo 2020, Umukuru w'Inama Nshingamateka yarateye intege abenegihugu bo muri komine Gitaramuka ngaho nyene i Karusi, mu kwifadikanya nabo mu bikorwa vyo guca imikobeko ku musozi wa Ruhata, kugira bakingire isi ndimwa hamwe n'ibarabara Gitega-Muyinga. Naho nyene hari ku munsu wa kane wahariwe gukingira ibidukikije.



Bahejeje guca imikobeko, bakaba baciye batera ku nkengera zayo ivyatsi vy'inka. .

Mu guheraheza urwo rugendo yamazemwo iminsi indwi mu ntara

ya Karusi, Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe yarifadikanije nahonyene n'abenegihugu bo ku mugwa mukuru w'intara, ku munsu wa gatandatu igenekerezo rya 28

B.P: 120 Bujumbura - Burundi Tél: (+257) 22 26 70 55 / 22 26 70 07



Mu mvo n'imvanyo, Umushikiranganji w'Imigenderanire n'ayandi makungu no gufashanya mw'iterambere yasiguye ko Umuryango wa CEEAC wavutse ku wa 18 gitugutu 1983, mu gihe abakuru b'ibihugu bashiraho umukono i Libreville mu gihugu ca Gabon. Mugabo mu vy' ukuri, watanguye gukora ukuri kwamye hacye umwaka umwe, muri Kigarama 1984.

Nk'uko yabandaniye abimenyesha, uwo Muryango ugizwe n'ibihugu 11 gushika uno muni. Turetse Angola, Uburundi, Kameruni na Congo, harimwo kandi Gabon, Guinée Equatoriale, RDC, Sao Tomé et Príncipe, hamwe n'Urwanda.

Ku vyerekeye intumbero nyamukuru zagiyeho uwo Muryango wa CEEAC ugishingwa, Ambasaderi Albert Shingiro yaradondaguye: gukorana hamwe kugira ibihugu n'abenegihugu batere imbere ; kworohereza uruja n'uruza rw'abenegihugu n'ibidandazwa ; gutsimbataza amahoro n'umutekano ; gushigikirana mu yandi mashirahamwe mpuzamakungu kugira ibihugu binywanyi ntivyumve ko ari inyakamwe, bumve ariho ko bafise abandi babashigikira.

Kuvy' ukuri, kuva mu 1984 ukivuka, muri 2015 harabaye inama mu gihugu ca Tchad, aho abakuru b'ibihugu babona ko iyo migabo

n'imigambi batashoboye kuyishikako, kubera imvo zinyuranye. Niho haca havuka icyumviro c'uko amasezerano ntunganyabikorwa y'Umuryango yosubirwamwo, agahinyanyurwa gushasha kugira ngo barabeko ivyagenze nabi vyokosorwa, kugira bakore batera imbere.

Niho rero, mu kwezi kwa kigarama 2019, ayo masezerano ahinyanyuye, mashasha, ibihugu uko ari 11, vyayashirako umukono.

Ibikuru bikuru vyahindutse ni ibi bikurikira:

·Ibisata bikoze uyo Muryango wa

ubunyamabanga bukuru (Secrétariat Général) buba umurwi (Commission). Hacye haba rero igitigiri c'abakomiseri 7, bajaho, hanyuma hakaba hariho uwubarongoye, n'icegera ciwe ;

·Inama Nshingamateka z'ibihugu bigize uwo Muryango wa CEEAC zizorungikaye abashingamateka 5, bazoba bashinzwe gukurikiranira hafi ibikorwa vy'uwo Muryango, kugira ngo baze baraterera ;

·Sentare y'ubutungane kugira ngo ibihugu bize birubahiriza cane ingingo zifatwa muri uwo Muryango, kuko vyabonetse ko ingingo zimwe zimwe zifatwa ntizikurikizwe canke zigakurikizwa na bake. Iyo Sentare rero ije gufasha kugira ngo ingingo zifatwa ntizibe impfagusa, zikurikizwe nk'uko abakuru b'ibihugu bazoba babivuze ;

·Sentare izoba ijewe uburyo, ingene amafaranga akora muri CEEAC, ariyo Cour des comptes. Iyo Sentare izoza irakurikiranira hafi ingene ubutunzi bw'Umuryango bukoreshwa, kuko mu myaka iheze harimwo igipfungu, ugasanga harimwo ugusesagura. Bibaza rero ko iyo sentare izofasha cane mu bintu vyo kubungabunga



CEEAC; Abakuru b'ibihugu binywanyi bashinze ko ivyo bisata vyokubakwa bikurikije ishusho y'Umuryango w'Ubumwe bwa Afirika. Niho baca bahindura

amatungo narirya uburyo busanzwe atari bwinshi muri uwo Muryango, bakipfuzako ubwo buryo buke bwokoreshwa ico bwagenewe. Igisata kijejwe amahoro

n'umutekano. Cari gisanzwe gihari mugabo cari cubatswe ku buryo kitagira ico gikora kinini, co kimwe na kirya gisata c'amahoro n'umutekano c'Ubumwe bwa Afirika; ico bise mu gifaransa « Conseil de paix et de sécurité ». Ico gisata rero caciye cubakwa nk'uko igisata kijejwe amahoro n'umutekano mu Muryango w'Ubumwe bwa Afirika cubatse, kugira ngo baze barakurikiranira hafi ibijanye n'amahoro n'umutekano mu bihugu bigize umuryango. Kanatsinda, mu vyagiye bisubiza inyuma cane CEEAC, harimwo

kubura amahoro. Ibi vy'intambara vyarasubije cane inyuma imigambi CEEAC yari yishinze ikijaho.

Ku ntererano y'umushingamateka adashima ingendo yo gukoresha ibibazo mu bibanza vy'ubuhinga mu gihe abarungitswe gukora muri uwo muryango wa CEEAC baba bizewe na Reta, bamwishuye ko gukoresha ibibazo ahubwo ari bwo buryo burashe. I ruhande yo gukorera ku mugaragaro, ngo haribonekeza kandi ubumenyi. Nakare ngo Reta irahimbazwa no guserukirwa n'abagabo n'abakenyezi bashoboye. Naho mu bihugu 11 ari Uburundi

bwari busigaye kuyemeza, igihugu kiramaze gutorera akoyoko muri CEEAC, nko mugukomeza inkombe z'uruzi rwa NTAHANGWA, no mukurungika inteko zigizwe n'abasirikare 800 kugarukana amahoro n'umutekano mu gihe guca Centrafrique.

Christine NAHIMANA

Icegera ca kabiri c'umukuru w'Inama Nshingamateka mu bikorwa rusangi i Muramvya.

Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka Umushingamateka Gashatsi Abel yaragenda intara avukamwo ya Muramvya. Ku munsu wa gatandatu igenekerezo rya 28 munyonyo 2020 yakoreye ibikorwa rusangi muri komine avukamwo ya Mbuye kw'ibarabara rihuza ama komine ya Mbuye, Ruhororo hamwe na Rango ari mu ntara ya Ngozi na Kayanza, ivyo bikorwa rusangi bikaba vyari vyatowe iteka n'abashingamateka batowe muri iyo ntara, umuhanuzi wa buramatari w'iyi ntara, abajenama ba komine ya Mbuye, musitanteri w'iyi komine hamwe n'abenegihugu bo ku mitumba yegereye aho hariko habera ivyo bikorwa rusangi. Musitanteri w'iyi komine akaba yamenyesheje ko umutekano wifashe neza muri iyo komine yose, kiretse ingorane y'abantu bamwe bamwe bagurishiriza ivyimbura mu gahinga bitarera ibindi bitaragera gusoromwa, bamwe bakabikora kubera akaborerwe. Yarongeye ko kubera akavura kaguye umwimbu



uzogenda neza. Abandi bafashe amajambo ni nk'umuhanuzi wa buramatari. Nawe nyene akaba yamenyesheje ko abenegihugu batekanye mu ntara yose kandi bari ku kivi, aca aboneraho gushimira abo banyakubahwa babagendeye kandi abasaba ko bobama hafi no mu mirimo yose intara izobahamagarira.

Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka nyakubahwa Gashatsi Abel yarashimiye cane abenegihugu

bose bitavuye ivyo bikorwa rusangi, yongera ahimiriza abatware kwama hafi yabo barongoye. Yarerekanye kandi akamaro k'iryo barabara mw'iterambere rya komine Mbuye n'intara yose kuko iryo barabara ribahuza n'izindi ntara. Yaranabahimirije kwirinda ikiza ca Corona Virus n'ugukomeza ibikorwa vyo soko ry'iterambere. Bose abo bategetsu bakaba basavye abenegihugu kwijukira ama koperative kuko nyamwigendako atarimira impeshi kandi ubugirigiri

bugira babiri. Umunsi w'Imana w'igenekerezo rya 29 akaba yawuhimbarije kuri paruwase ya Kivoga muri iyo komine ya Mbuye, aho yasavye abakirisu bari aho kugendera urukundo,

umwumvikano nk'uko Yezu kirisu yabibwiye ubwoko bw'Imana ati: muze mukundane nk'uko nabakunze: Vyongeye ngo ibwirizwa risumba ayandi rivuga ngo, ukunde abandi nk'uko wikunda

wewe nyene. Akaba yarangije ahamagarira abari aho gusonera umuntu wese na cane cane abaturuta n'abo turuta.

Jean Claude BUMWE

Umukuru w' Inama Nshingamateka yaragirishije inama abarongoye abandi bo mu ntara za Kayanza na Karusi.



Abashingamateka iyo bagiye mu karuhuko ntibaba bagiye kwicara. Ahubwo ni akaryo keza kuri bo ko kugendera abenegihugu babatoye, babatera intege mu bikorwa vy'iterambere bongera bumviriza iryo bagona.

Ni muri iyo ntumbero mu karuhuko ka munyonyo 2020, Umukuru w'Inama Nshingamateka, Nyeniteka Gelase Daniel Ndbirabe yagendeye intara za Kayanza na Karusi. Akaba yaharangiye ibikorwa bitandukanye, harimwo n'amanama yagirishije imigwi itandukanye y'abenegihugu.

Aho twovuga nk'abatware, abadandaza, abarongoye abandi mu buzi bwa Reta hamwe n'abarongoye amadini yemewe n'amategako. Hakaba hari ku magenekerezo ya 12 na 25 munyonyo 2020, bakaba baganiriye ku bijanye n'iterambere

muri rusangi. Muri izo nama, Nyeniteka Gelase Daniel Ndbirabe yarashimikiye cane ku mpano Imana yahaye izo ntara, abasaba kuzikamisha.

Ati Imana yaduhaye ubutunzi bwinshi bisaba gusa ko twugurura amaso tukabubona hama tukiga ingene tubuvyaza amafaranga. Ati nk'akarorero i Karusi Imana yarabahaye amabuye manini manini menshi i Bugenyuzi, murashobora kuyakoresha mu gukora amabarabara, gukora intebe z'abanyeshure, kwubaka amazu n'ibindi. Bisaba gusa ko muja hamwe mugakorera hamwe. Yarashimikiye kandi ku kwitaho indero y'abana, ati abavyeyi bakwiye kugarukira indero yo ku ziko. Niko gusaba ko kuri buri mutumba hobaho agakomite kajejwe gukurikirana ibijanye

n'indero y'abana. Yarabasavye kandi kugabanya imvyaro, no kugira umubano mwiza ku mitumba aho babaye. Ati ntihagire uwurara ubusa uwundi yafunguye, muje mwibuka gusabikanya n'abataba baronse. Akaba yarangije ashigikira ko hosubiraho intahe yo ku mugina. Muri ico gihe c'akaruhuko, kabaye n'akaryo kuri Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka ko gukoranya abarongoye amadini yemewe n'amategako mu ntara ya Karusi kugira baganire ku bijanye n'indyane zimaze iminsi zibonekeza mu mashengero amwe amwe.

Iyo nama ikaba yabereye i Bugenyuzi. Akaba yarabakariye cane ati birababaje cane kubona abari bajejwe gukurikirana imitima y'abantu aribo bari babaha akarorero kabi babahubisha kubera amafaranga y'amashikanwa.

Ati birateye isoni kubona igihugu cashize Imana imbere mw'ibwirizwa Shingiro ariko abakozi b'Imana bakaba birigwa baragwana bapfa ibintazi, ati n'ugucufuza igihugu. Niko kubasaba kutavanga ivyo

bajejwe hamwe na poritike, bagatorera inyishu ibibazo vyabo bo nyene batarinze kwama bariko baragwana canke bitwara ku bajejwe intwari. Abo barongoye amadini bakaba barashimye izo

mpanuro bemera kuzishira mu ngiro.

Arlette AKIMANA

Ikoraniro ry'abashingamateka n'abakenguzamateka Umushikiranganji wa Mbere abashikiriza imigambi Reta itegekanya kurangura, mu kiringo c'umwaka w'2020 ushira uw'2021.



Kubona imfashanyo Reta iha ama komine ikoreshwa mu rudandazwa, ayo makomine aba yahisemwo neza. Ivyo ni ivyashikirijwe ku munsu wa kane, igenekerezo rya 29 gitugutu 2020, n'Umushikiranganji wa Mbere. CPG Alain-Guillaume Bunyoni aho yari arahumura umushingamateka adatahura ingene iyo mfashanyo amakomine ayerekeza mu makoperative, ha kuyibazamwo intebe z'abanyeshure zisigaye zabaye nk'umuzi w'ibuye. Ni mu igihe Umushikiranganji wa Mbere yari imbere y'ikoraniro ry'abashingamateka n'abakenguzamateka, mu ntumbero yo kubashikiriza imigambi

ya Reta mu kiringo c'umwaka w'2020 ushira 2021. Naho biri uko, uwo arongoye Reta yaribukije ko amakoperative asanzwe afise ikigega cayo. Yarongeye ararimesha ko ikibazo c'ubukene bw'intebe kigiye gucika nk'umugani, mu gihe amafaranga yo kubaza intebe zirenga ibihumbi 200 aza y a r a b o n e t s e . K u b w o Umushikiranganji wa Mbere, iyo nteguro ya Reta yo mu kiringo ca 2020, mu mezi 6 ya nyuma na 2021, amezi 6 ya mbere, ni icegeranyo c'ibikorwa nyamukuru bifise ihangiro bitegerezwa gushikako vyateguriwe mu bushikiranganji ubwo ari bwo bwose. Yabandanije amenyesha ko iyi nteguro yisunga

imigambi ya Reta y'imyaka 10, ico bise « PND Burundi 2018-2027 », ati bahambiriza aho uyo mugambi wari ugeze. Vyongeye, iyi nteguro y'ibikorwa yarisunze kandi imbono, ariyo « Vision » ya Reta, ngo tunasangiye n'ibindi bihugu yo mu mwaka w'2025. Ngo ninaho ibihugu vyo kw'isi, kimwe cose cihaye intumbero, kiravuga kiti mw'iterambere rusangi, kandi mw'iterambere rirama, igihugu cacu kizoba kigeze ku ntambuko iyi, haba muvyo ubutunzi, haba mu vy'imibano, n'ibindi n'ibindi. Uwo mugambi kandi urisunga ingingo nkuru zagiye zikurikizwa cane cane mu gukingira ibidukikije, muri wa mugambi « Ewe Burundi

urambaye».

Imbere yo kuduga kw'ijambo, CPG Alain-Guillaume Bunyoni, yarashikirije ingene ico cegeranyo cubatse. Mu gice ca mbere c'uyu



mugambi, ngo cerekeye ibikorwa ubushikiranganji buhurirako. Ngo harimwo ibikorwa rusangi, ukuganira n'abakozi, Reta igashikiriza ivyo yaranguye uko haciye ikiringo c'amezi 3, gushika ku kivi, gufata ingingo zose zibereye kugira intwari ibereye isasagare na cane cane mu kurwanya igiturire, kurwanya ugusesagura itunga rya Reta, no kurwanya ubunabwoko ku kazi n'ibindi vyose bituma ibikorwa bitagenda neza. Igice kigira 2 ni igice kigaragaza buri bushikiranganji ibikorwa bwategekanije. Nk'uko ubushikiranganji busanzwe butonze mw'itegeko ry'Umukuru w'igihugu rishinga Reta, niko yakurikije urwo rutonde. Ari nako kudondagura:

1. Ubushikiranganji bw'Intwari yo hagati mu gihugu, Iterambere rusangi n'Umutekano bwishinze ihangiro 7 ziri mu migabane 22, imigambi iyikurira akaba ari 12. Muri icyo twovuye nko: Gutunganya amashirahamwe ategamiye Reta (ONG) n'amashirahamwe adaharanira inyungu z'amafaranga (ASBL), asanzwe akorera mu gihugu, gukurikirana imigambi y'amakoperative yo ku mitumba no

gukaburira abarundi bari hanze ko ari vyiza ko botaha kugushaka kwabo mu gihugu c'amavukiro;

2. Ubushikiranganji bujejwe ukwivuna abansi n'ukwitaho abahozze ku rugamba bufise ihangiro

7 ziri mu bikorwa 22 bitegekanijwe, muri vyo ibikuru bikuru ni 13. Nk'uturorero: Gutunganya amatungo n'amatungo y'ubushikiranganji ashobore kuzitirwa kandi yongere agaragare, kwubaka no gushira mu ngiro ibikorwa vy'ishuri rijejwe ubuhinga mu gukoresha ibirwanisho biremereye, kwitaho kubungabunga amagara y'abasinzikariye mu ntambara, habanje gushingwa



imigambi y'ingene bazosubizwa mu buzima bwa minsi yose kugira ntibababwira nk'ibitabwira;

3. Ubushikiranganji bw'Ubutungane bufise ihangiro 14, ibikorwa bishirwa

mu ngiro ku buryo bugaragara 22, muri vyo ibikorwa nyamukuru 14. Akarorero: kuraba amadosiye yose y'imanza zamaze kuba ntabanduka kugira ngo zishobore kuja mu ngiro, na cane cane mu gisata c'abagize uruhara mu kwonona ubutunzi bwa Reta, ugasanga Reta bayishize mu bibazo kandi amakosa ari ayabo. Rero ahanini ni mu ntumbero yo gushira mu ngiro rya tegeko rihana abakozi ba Reta baba bitwaye nabi, ku buryo bigaragara yuko Reta ishobora kuhatakariza mukuriha indishi izikanze ziriya.

Kugabanya abafungwa mu mazu y'amabohero, na cane cane mu gutegekanya ibindi bihano mu gihe umuntu yagiriwe n'icaha mugabo atarinze gufungwa, umugambi wo gushinga inyubakwa ubushikiranganji buzokoreramwo i Gitega, ku murwa mukuru wa politike;

4. Ubushikiranganji bw'imigenderanire n'ayandi makungu no gufashanya mw'iterambere bufise ihangiro 3, ariko zirimwo ibikorwa 21, ivyo navyo bikaba bazorangurwa bikomotse ku bikorwa nyamukuru 14. Harimwo umugambi wo kugwiza abakozi mu mashirahamwe

mpuzamakungu canke yo mu karere ka Afrika, guheraheza inyubakwa y'ubuserukizi bw'Uburundi i Addis Abeba mu gihugu ca Etiyopiya, ahari icicaro c'Umuryango w'Ubumwe

bwa Afirika, gushinga ibwirizwa rigenga abakozi b'abarundi bakorera mu mahanga ;

5. Gukoresha ubuhinga bwa none (interconnexion) mu gutunganya ibisata bikuru bikuru nk'ibanki nkuru y'igihugu (BRB), ikigo OBR, ikigo API, ikigo kijejwe ibiharuro mfatirwako ISTEEBU, gukurikirana imigambi 12 ihabwa uburyo bwa Reta, kwegeranya amafaranga, na cane cane ayavuye mu makori n'amatagisi, muri uyu mwaka. Ivyo ni bimwe mu mirimo mikuru mikuru 13, ikomoka ku migabane 21 yo mw'ihangiro 8 zishinzwe n'ubushikiranji bw'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'Ubutunzi.

6. Kwitaho gutanga ibifungurwa biciye muvyo bita « cantines scolaires », gutegekanya kwakira abavuye mu mashure y'akarorero,

gushinga ikigo kijejwe ururimi rw'ikirundi ; ivyo ni ibiri mu migambi nyamukuru 14 yavuye mu migabane 20 yashinzwe n'Ubushikiranjanji bw'Indero n'Inyigisho za Kaminuza, busanzwe bwihaye ihangiro 7 ;

7. Ubushikiranjanji bw'Amagara y'abantu no kurwanya ikiza ca Sida bufise ihangiro 8, zigabuyemwo ibikorwa nyezina 20, muri ivyo, bikuru bikuru akaba ari 13. Twovuga nko gutunganya neza amasaha y'akazi, kubijanye n'akazi ka Reta, ak'abikorera utwabo, baba abaganga bakora mu kazi ka Reta, babanze bakore amasaha Reta ibasaba imbere yuko bagenda kwikorera ivyabo, gutunganya

ingene hoba ikwiragiza ry'abaganga b'abahinga bagende gukora mu ntara zo hagati mu gihugu mu turere, mu bitaro 13 n'amavuriro 11, gutunganya neza igisata kijejwe imiti, ishirahamwe CAMEBU rikaba ariryo rizohabwa ububasha bwo kuja kuyirangura hanze rikayishikana mu gihugu ;

8. Gutunganya neza imisozi n'imyonga, kugwiza ibiterwa njabukamazi no kugwiza imivyaroy'ibiti bishobora kubana n'indimo. Ivyo ni bimwe mu bikorwa vyihutirwa 14, vyavuye muri bimwe 19, vyatorokanijwe

10. Ubushikiranjanji bw'akazi n'abakozi ba Reta bufise ihangiro 5, zishimikiye ku bikorwa bitunganijwe 16, muri ivyo hakaba harimwo ibikuru bikuru 9 ; nk'uturorero : gutunganya inyigisho (stage) ku bakozi ba Reta iyo binjijwe mu kazi ari bashasha, gukurikirana na ntaryo ko impapuro z'umutsindo z'abakozi ba Reta zitari iza magendo, bahawe akazi mu kiringo ca 2013 gishira 2020 no gukorana n'ishirahamwe mpuzamakungu ry'akazi mu gusohora ivyegeranyo mu ntumbero yuko abakozi b'abarundi bogengwa

n'amategako mpuzamakungu ;

11. Ubushikiranjanji bw'amasoko ntanganguvu, ubutare n'agataka bwishinzwe ihangiro 5 zifatiye ku bikorwa 20, ibikuru bikuru muri vyo akaba ari 11. Ni nko kwubakaurugomerorw'umuyagankub a rwo kuri Kabu 16 ruzoba rufise amamegawate 20, kugwiza

umwimbu w'amazi meza n'intumbero y'igihugu yo kwitunganya mu bijanye n'ubutare, mugushira ku rutonde ubwoko bwabwo, uko bungana, agaciro kabwo, n'ahoburi ;

12. Kugenzura ku rubuga ko ibiciro vy'ibidandazwa vya nkenerwa bitunganijwe neza, kugira icigwa cerekeye igisata co gutwara abantu mu gisagara ca Bujumbura no gushira hamwe amashirahamwe ya SOBUGEA na Air Burundi mu ntumbero yo gushinga ishirahamwe rimwe rikomeye ry'indege y'igihugu c'Uburundi, ivyo ni bimwe mu bikorwa nyamukuru 11



n'Ubushikiranjanji bw'Ibidukikije, Uburimi n'Ubworozi, busanzwe bwarihaye ihangiro 8 ;

9. kwubaka no gushiramwo ikaburimbo kw'ibarabara ry'igihugu nimeru 16 (Rn16):

Bururi-Gakuba, kurondeza uburyo bw'amafaranga kugira ngo hashobore kwubakwa uburaro ku bakozi ba Reta n'abandi bafise uburyo, kuzitira hakoreshejwe cane cane ama bornes amatongo yose ya Reta. Ivyo biri mu bikorwa nyamukuru 12 vyavuye mu bikorwa 18 vyategakanijwe n'ubushikiranjanji bujwe inyubako n'ibikorwa vya Reta n'inyubakwa rusangi, busanzwe bwishinze ihangiro 6 ;

vyasobanuwe mu bindi 19 bitegekanijwe mu bushikiranganji bujejwe ubudandaji, gutwara abantu n'ibintu, amahinguriro n'ingenzi, busanzwe bwishinze ihangiro 7;

13. Ubushikiranganji bujejwe iyinjira ry'Uburundi mu Muryango w'ibihugu vyo mu karere ka Afirika y'ubuseruko, urwaruka, inkino n'imico kama, bwishinze amahangiro 7 azogaragarira mu bikorwa 20 bitegekanijwe, muri ivyo hakaba harimwo ibikuru bikuru 12. Ni nko kubandanya ibiganiro mu ntumbero yo kwemeza ko ururimi rw'igifaransa rwokoreshe mu manama y'ibihugu vya EAC, nka kurya kw'icongereza n'igiswahili, gutunganya ihiganwa ry'inkino zitandukanye, no gukuburira ubwenge bw'urwaruka, abize n'abatize mu makomine yose, kugira ngo bahurumbire amakoperative yo kugwiza umwimbu, gurtyo bagafatwa mu mugongo na Reta mu



guha agaciro no gushimangira ku bubasha bw'abakenyezi, no guherekeza amashirahamwe y'abakenyezi; kugira ngo bashobore kuronswa ingurane mw'ibanki yabitiriwe (BIDF) igiye gushingwa. Iyo ni bimwe mu mirimo iri muri vya bikorwa bikuru bikuru 12 kuri 16 vyategekanijwe mu bushikiranganji bujejwe gufatana mu nda, imibano, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira, busanzwe bwashinze

bose mu ntara zose z'igihugu, hamwe rero no kunagura no kwongereza ibisata vy'amaposita.

Yishimikije ikiza ca Coronavirus kibica bigacika kw'isi yose, hari umukenguzamateka yipfuye ko Reta y o f a t a m u m u g o n g o amashirahamwe atanga akazi, ivyo bita sociétés de service mu rurimi rw'igifaransa.

Kubwa CPG Alain-Guillaume Bunyoni, ni ivyo gukenguruka kubona Uburundi butasinze nk'ayandi makungu. Yamara, Umushikiranganji wa Mbere yaragabishije ko Uburundi butokwigereranya na Reta zunze ubumwe za Amerika, ingene boba baragarukiye kuri bene ayo mashirahamwe. Gusa, imbere yo gushinga ikigega co gutabara, igikenewe ngo ni uko bobanza kwihweza impavu, izi nazo zimaze kugaragara nk'ibibazo, bagaca babitorera inyishu.

Christine NAHIMANA



ntumbero yo gushira mu ngiro wa mugambi wo kugwiza akazi, ubutunzi bw'igihugu nabwo buce bukurikira;

14. Gufasha ba ntahonikora n'abandi benegihugu bahuye n'ivyago mu bijanye no kwivuza, gufungura n'ibindi, gutanga icegeranyo buri mezi atatu cerekana ingene agateka ka zina muntu kifashe mu Burundi,

ihangiro 13;

15. Ubushikiranganji bujejwe ubuhinga bwa none bwo gutumatumanako amakuru n'ibimenyeshamakuru bwishinze ihangiro 13, zizoshirwa mu ngiro n'ibikorwa 20, ibikuru bikuru muri ivyo akaba ari 13. Twovuga nko gutunganya intumbero y'ico gisata, gushinga amakomite ahurikiyemwo

Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yarifadikanije n'abenegihugu bo mu ntara ya Kirundo mubikorwa vy'iterambere rusangi.



Kuwa gatandatu igenekerezo rya 29 munyonyo 2020, Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka Umushingamateka Sabina Ntakarutimana yarifadikanije n'imvukira, abashingamateka batowe mu ntara ya Kirundo hamwe n'abenegihugu bo muri iyo ntara mu bikorwa vy'iterambere rusangi, mu guca imikobeko ku mutumba Rugero ya mbere wa Komine n'intara ya Kirundo.

Mw'ijambo ryo kwakira abashitsi, buramatari w'intara ya Kirundo Albert Hatungimana yabanje

gushimira Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka kuba yahisemwo kubagendera hamwe no kuba yifadikanije na bo mu bikorwa vy'iterambere rusangi.

hari ingorane y'uruzuba ruvuye kw'ihinduka ry'ibihe ryibonekeza muri kinogihe.

Mw'ijambo ryiwe, Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka

Sabina Ntakarutimana yahimirije abenegihugu bo mu ntara ya Kirundo ko bokingira ibidukikije kuko intara ya kirundo ifise ibiyaga 7 bishobora kubagirira akamaro. Yabasavye kandi kurwanya igiturire no kurwanya urudandazwa rudaciye mu mategeko, ngo kanatsinda hari amategeko abibuza. Yamenyesheje kandi abenegihugu ko

bokwubahiriza amategeko ashikirizwa n'ababarongoye kugira bikingire ikiza ca covid-19 cibonekeza muri iki gihe.



Yamenyesheje kandi ko intara ya Kirundo itekanye, n'ikimenyamenya abenegihugu bari ku kivi mu bikorwa vyo kwiteza imbere, ariko hakaba

Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka, yarasavye kandi ko bokwakira neza impunzi ziriko zirahunguka ku bwinshi kuko ngo nabo ni bene Burundi baze kwifatanya n'abandi mu guteza imbere igihugu cabibarutse. Yarongeye aravunira akagohe abarongoye abandi ko borwanya bivuye inyuma ingeso yo guharika kuko biri mu bihungabanya amahoro n'umutekano.

Yaranakebuye abenegihugu ko bokorera hamwe mu makoperative yo kwiteza imbere kuko biri mu migambi ya Reta Mvyezi, Reta Nkozi kandi ko vyobazanira iterambere kuri bo no ku gihugu. Mu gusozera ijambo ry'iwe, Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka, Sabine Ntakarutimana, yarashimiye imvukira z'intara ya Kirundo ko zitavuye ku bwinshi ivyo bikorwa rusangi, aca abashikiriza intasho za Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe Umukuru w'Inama Nshingamateka. Inyuma y'ivyo bikorwa vy'iterambere rusangi, Icegera ca

Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka, Sabine Ntakarutimana, yaragendeye

Sabina Ntakarutimana yaragendeye kandi umurima w'ibiharage n'ibigori ungana na hegitari 2, uwo murima



koperative APTI isanzwe irangura ibikorwa vy'uburimyi n'ubworozi bw'ibitungwa, iyo koperative ikaba ifise imashine zibundikira amagi, yoroye ingurube zirenga 300, inka 3, inkoko 187 hamwe n'impene 14. Avuye aho, Umushingamateka

ukaba warimwe n'abasanzwe bakorera mu biro vya buramatarari w'intara ya kirundo.

Richard NDAYISENGA

Umwihwezo w'integuro y'Ibwirizwa rijanye n'ukwemeza impinyanyuro y'i Kigali ihindura Amasezerano y'i Montréal yerekeye ivyuka bisenyura igisenge c'isi



Ibihugu vyo mu karere ka Afrika bigwa mu mporero y'ibihugu vya rutura. Abashingamateka bagaragaje uwo mwitwarariko ku munsu wa mbere, igenekerezo rya 26

gitugutu 2020, mu gihe bariko bariga integuro y'ibwirizwa rijanye n'ukwemeza impinyanyuro y'i Kigali ihindura Amasezerano y'i Montréal yerekeye ivyuka bisenyura igisenge

c'isi; iyo Nteguro bakaba bahavuye bayemeza ijana kw'ijana. Kuri bo, uruhara rw'ibihugu vyo mu karere ka Afrika mw'itituka ry'ico gisenge ni ruto cane. Ahubwo ichitirwa, ngo ni uguhimiriza abenegihugu guhindura ingendo. Batanze akarorero ko kwegeraniriza hamwe, mu kibanza kizwi, ubucupa butekerwamo amazi, hako ubusanga bwandagaye ahariho hose, mbere no ku nkengera z'ikiyaga ca Tanganyika.

Yamara, Umushikiranganji w'ibidukikije, uburimyi n'ubworozi, ntiyashigikiye ico cyumviro c'abashingamateka. Kubwa Déo-Guide Rurema, mu gihe intererano

ibaye muri rusangi, n'ingaruka zayo zobera muri rusangi nyene, kanatsinda, ngo umwe wese biramuraba. Ati kira noneho, umwitwarariko wahereye muri ivyo bihugu vya rutura, igihe amagara yatangura guhungabana. Ati ahubwo ibihugu vyo mu karere ka Afirika vyarahatoreye akoyoko, kuko baciye batangura kwikingira hakiri kare.

Mu mvo n'imvanyo, iyo ntumwa ya Reta yasiguye ko Amasezerano y'i Montréal yemejwe n'ibihugu vyose vyo kw'isi mu 1987, akaba yerekeye igabanywa no gukuraho burundu imyuka yonona igisenge gikingira isi, ngo ni ukuvuga ko ari imishwarara mibi y'izuba ishobora gutera indwara nka kanseri, bikonona n'ibinyabuzima vyo kw'isi no mu mazi.

Ati ayo masezerano rero yagumye atera imbere, ndetse aranahinyanyurwa incuro zigera kuri 5, akaba yagiye arabera mu bisagara bitandukanye, nk'i Londres mu gihugu c'Ubwongereza, Copenhagen muri Norvège, i Montréal muri Canada, i Beijing mu Bushinwa n'i Kigali mu Rwanda.

Uburundi ngo bwateye igikumu kuri ayo masezerano y'i Montréal mu 1997, ngo no ku mpinyanyuro zayo 4 za mbere, igihugu carasizeko umukono muri 2001. Ngo kuva muri 2003 naho, mu bushikiranganji bujewe ibidukikije hacye hajaho ibiro bijewe gushira mu ngiro ibijanye n'ayo masezerano.

Umurwi wamaho ujejwe Uburimyi, ubworozi, guteza imbere

amakomine, hamwe n'ibidukikije, wize vy'umwihariko iyo nteguro y'ibwirizwa, washatse kumenya iyo myuka mibi iyo ariyo.

Ivyo vyuka bibi bagiyeye barabikura muri ivyo bikoresho, babihindura n'ibindi vyuka bita ama HFC. Ibi navyo ntivyonona igisenge c'isi,



Umushikiranganji Déo-Guide Rurema yashikirije ko ivyuka vyonona igisenge c'isi vyibonekeza mu bikoresho bimwe bimwe, nka birya vyo gukanyisha imfungurwa, za frigo canke congélateur, ibikoresha kwa muganga, hamwe no mu mahinguriro, nk'ibikono vyo muri Brarudi, harya bakora inzoga. Yongeyeko ko muri rusangi, ivyo bikoresho bikoresha n'ivyuka bita GAZ. Hari ivyo abahinga basanze vyonona igisenge, ari nako guca atanga akarorero ka ma CFC. Ni muri iyo ntumbero ayo masezerano y'i Montréal ngo aguma arondera ubundi buhingira bwo gusubiriza ivyo vyuka bibi, hakaba mbere ubu haramaze no kuboneka ibisubirira ivyo vyuka.

ariko uko imyaka yagiye iragenda, basanze ivyo vyuka navyo nyene bifise ubushobozi bunini cane kubijanye n'ishuha ry'ikirere. Navyo ngo si vyiza ku buzima bw'abantu n'ibidukikije.

Yasozereye ashikiriza ko iyi mpinyanyuro y'i Kigali, igamije gukura icuka ca HFC. N'aha yashatse ko iki cuka naco nyene, naho kitotosekaza ca gisenge, ariko kikaba gifise ingaruka mbi mu gutuma ikirere gishuha cane, cosubirizwa n'ayandi ma gaz bita amoniaque canke KHFO, canke HC.

Christine NAHIMANA

Inama Nshingamateka yarihweje integuro y'ibwirizwa rigenga itagisi nyongeragaciro.

Ku munsu wa gatatu, igenekerezo rya 7 gitugutu 2020, Inama Nshingamateka yarihweje yongera iremeza integuro y'ibwirizwa isubiramwo ibwirizwa No 1/12 ryo ku wa 29 mukakaro

2020 rigenga itagisi nyongeragaciro TVA. Umushikiranganji w'ikigega ca Reta, ubutunzi hamwe n'imigambi ya Reta akaba yari yatumiwe mu ngoro y'amakoraniro kugira asigurire abashingamateka imvo

zatumye Reta yiyumvira gusubiramwo iryo bwirizwa. Yamenyesheje ko ibwirizwa ryahora ryari rifise ibintu bimwe bimwe bitakijanye n'ibihe vyasaba ko bihindurwa, hamwe n'ingingo

zimwe zimwe zari ngombwa ko zongerwamwo kugira ngo iryo bwirizwa ryisunge amabwirizwa yandi yo mu karere ka Afirika y'ubuseruko. Iyo nteguro y'ibwirizwa ikaba ije itomora neza ibijanye n'ugutoza iyo tagisi nyongeragaciro kugira bizokworohe kandi nti hagire n'umwe arenganywa.

Nk'uko vyabandanije bishikirizwa n'umushikiranganji Domitien Ndiwokubwayo, iyo nteguro y'ibwirizwa ije kandi k u r o n s a ivyankenerwa vyose ikigo OBR kugira kibandanye gikingira uburyo bwinjira muri Reta. Ubu iryo tagisi rikazohora ritozwa biciye mu buryo bwa none buhanitse, aho umutangakori wese azoba afise inimeru imwe yerekana ingene ariha iryo kori bikazoca vyorohera ikigo OBR kumukurikirana ingene agenda arariha. Ikigo OBR kizoba kandi gifise uburyo bwo gukura ku rutonde abadandaza badakwiye ibisabwa, canke bakoze urudandazwa rutemewe n'amategeko canke ayandi makosha. Muri iyo nteguro y'ibwirizwa, vya vyuma vyo kuduza ibisenge vy'amagorofa bita échaffaudage bizokurwako amakori mu gihe vyinjijwe mu Burundi, kugira ngo habe igabanuka ryo gukoresha ibiti vyinshi vyari bisanzwe bikoreshe, mu ntumbero yo gukingira ibidukikije.

Ibibazo vyagiye birabazwa n'abashingamateka bijanye ahanini n'ibidandazwa vyokurwako amakori iyo vyinjijwe mu Burundi, ico bita exonération mu rurimi rw'igifaransa.

Abashingamateka bakabona ko wa mwuka bakoresha mu guteka nawone utorihihwa amakori mu gihe woba winjijwe mu gihugu kugira ngo abarundi bawugure ku giciro gito, gurtyo bagabanye gukoresha amakara muri ya ntumbero nyene yo gukingira ibidukikije. Umushikiranganji Domitien Ndiwokubwayo yishuye ko hasanzwe hari abarundi bariko barakorera mu bijanye n'ubundi buryo buzokoreshe mu gukinjika



batarinze kwifashisha amakara, nk'abakora ibizuku n'ibindi. Nayo ngo gukura amakori kuri uwo mwuka vyotuma bashobora guca babura ababashorera hama bakugara, kandi bariko bateza imbere igihugu bongera batanga n'akazi. Ahubwo ngo hoba guhimiriza abarundi kubashorera.

Abashingamateka ariko bagumye kandi bagaruka kuri ico cyumviro c'uko uwo mwuka wokurwako amakori, bamwe mbere basaba ko hoba nk'itegeko ko abarundi bafise uburyo bwo kubaho bwisununuye boheba gukoresha amakara bagakoresha uwo mwuka. Umushikiranganji yavuze ko vyosaba ko hobanza hakaba ukumenyereza

abarundi gukoresha uwo mwuka kuko ari bake cane bawukoresha. Ikindi kibazo cagarutse kijanye na vya vyuma vyo kuduza ibisenge vy'amagorofa bigiye gukurwako amakori, ko bene kuvyinjiza mu gihugu batoca babikoresha ibindi bitagenewe, gurtyo bakavyungukako cane, Umushikiranganji Domitien Ndiwokubwayo ati birya vyuma biragoye gukoreshe ukundi, ikindi naco ikigo OBR kizobigumizako ijisho, eka biranzimvye si umuntu uwariwe wese ashobora kubigura ngo abizane.

Abashingamateka bakababandi barashikirije amakenga ku bijanye na ya mabisi yo gutwara abantu mu gisagara ca Bujumbura yari yakuweko amakori igihe yinjijwe mu Burundi, ariko ugasanga ayo mabisi aciyeye ajanwa gukorera hagati mu gihugu imirongo ikaguma ari ya yindi ku bituro vy'ama bisi mu gisagara. Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta yishuye ko ata tegeko na rimwe ribuza ayo mabisi gukorera mu gihugu hagati, ahubwo ingorane nyamukuru yibonekeje n'uko izo bisi zizimvye cane, ata bagwizatunga benshi bashoboye kuzigura ngo bazizane nk'uko Reta yari ivyiteze.

Abashingamateka bakaba barangije basaba ko iryo bwirizwa, ni ryaterwako igikumu n'Umukuru w'Igihugu, rizokwiragizwe hose ryigishwe na cane cane ku badandaza bo hagati mu gihugu kuko benshi usanga batarizi neza. Bamaze kurica irya n'ino, bakaba baciye baryemeza ijana kw'ijana ku majwi 120.

Arlette AKIMANA

Umwihwezo w'ibwirizwa inomeru 1/13 ryo ku wa 12 Ruheshi 2020 risubiramwo urwego rukuru rw'ubutungane

Kw'igenekerezo rya 17 kigarama 2020, umushikiranganji w'ubutungane Nibizi Janine yaritavye ibikorwa vy'Inama Nshingamateka kugira ngo atange imvo n'imvano y'igituma Reta y'Uburundi yipfuza ko ibwirizwa inomeru 1/13 yo muri ruheshi 2020 ritegura ingene urwego rukuru rw'ubutungane rutegekanijwe n'ingene rukora. Umushikiranganji w'ubutungane yamenyesheje ko mu bihugu vyose no mu buzima bwa minsi yose ahari abantu canke ibintu, abantu bo hambere baguma babona abantu bafise ivyo bapfa kandi bategerezwa kuronka ikibatatura. Ni muri iyo ntumbero habayeho abiyumvira gushiraho inzego zijewe gutunganiriza abatase kandi biciye mu mategeko, hakajaho n'abayakoresha kugira ngo habe ituze mu bantu. N'Uburundi rero nk'uko bufise abantu kandi bukagira n'ibintu ntibwobaho nk'abari mw'ishamba kuko igihugu gitegerezwa kugira amategeko n'abayubahiriza kanatsinda baca umugani mu kirundi ngo; umuryango uja kurama wamamwo



intahe.

Reta y'Uburundi imaze gutegeza ingene ivy'uburungozi bimeze, niho yabona ko urwego rw'ubutungane ruriho ariko rutegerezwa kugira uwuruhagarariye ku rwego rukuru rw'igihugu, uwo nawe akaba atwundi atari Umukuru w'Igihugu, we Sebarundi, akongera akaba n'uwujwe ukwubahiriza amategeko mu gihugu. Kubera ko Reta y'Uburundi mu migambi yayo muvye yashize imbere harimwo ubutungane, ari naco gituma no mu mugambi wayo (PND)2018-2027, ikibanza c'ubutungane gifise uruhara rukomeye cane.

Mu mugambi rero ya Reta Nkozi, Mvyeyi kandi Nsenzi, igihugu gitegerezwa kuronka icishimikizo

gikomeye kubera ibibazo vy'ubutungane ngo Reta itunganirize abenegihugu ku buryo bubereye, ico cishimikizo naco akaba ari Inama nkuru y'ubutungane.

Ni muri iyo ntumbero rero urwego rukuru rw'ubutungane rutegerezwa guhagararira ingingo zose ziba zafashwe ku neza y'abenegihugu kugira ngo n'iziba zafashwe neza n'ubutungane mugabo zigoye gushirwa mu ngiro, urwo rwego rushobore gufata ingingo ituma umutekano w'abantu bose uguma ari mwiza naho vyoboneka ko bishobora gutera umutekano muke. Aha twovuga nko mu gihe haba haciwe urubanza rutuma nk'abantu benshi bimurwa ku nyungu z'umuntu umwe. Iyo nama nkuru y'ubutungane irafise uburenganzira bwo gufata ingingo ituma abo bantu batimurwa mu ntumbero yo kwubahiriza abo bantu benshi naho uyo umwe aba ari mukuri naho kubwo ubutungane hokurikijwe ingingo y'ukubakura muri ayo matongo.

Agace ka gatanu k'iyi nteguro y'ibwirizwa kavuga ko imanza zacitse kandi zikaba ntabanduka, urwo rwego rukuru rw'ubutungane rurongowe n'umukuru w'igihugu, rufise ububasha bwo kuyitangako intumbero mugihe babonye ko vy'ukuri ingingo yashikirijwe ishobora kuba igaragaza akarenganyo ku bice vyayo vyinshi.



Ako gace karerekana kandi uruhara rw'ubunyamabanga ntayegayezwa bujejwe kwegeranya n'ukwiga ingingo zacye mu butungane kugira ngo bige izikwiye kuja guhabwa intumbero n'urwo rwego rukuru rw'ubutungane rurongowe n'Umukuru w'Igihugu. Twobamenyesha ko agace ka 12 k'iyi nteguro y'ibwirizwa gatuma urwo rwego rukuru rw'ubutungane rwagukirwa mu bice binini vy'iyi nteguro kugira ngo ntihagire aho ruzibirirwa mu gufata ingingo. Mu gice ca 6, akarongo kayo ka 2 gategekanye urwego rw'ubunyamabanga ntayegayezwa rw'ubuhinga rurimwo abakozi bafise ubumenyi n'ubwitonzi bikwiriye kugira ngo barangure iryo banga rihambaye kandi ritoroshe mu ntumbero yo gutunganiriza abantu no mu kubungabunga umutekano

ata murundi n'umwe arenganijwe kandi mu ntumbero y'ugukurikiza wa mugambi w'Igihugu (PND)2018-2027.

Abashingamateka baragomvye kumenya niba urwo rwego ruzohora rwakira imanza mu gihe lbwirizwa Shingiro ritavyemera. Ku bw'Umushikiranganji w'ubutungane, urwo rwego ntirurarekuriwe kwakira imanza, ati kuko abacamanza niba ba mbere bubahiriza lbwirizwa Shingiro, vyongeye ngo iyi nteguro yacye mu nama nshikiranganji ngo ntivyokunda rero ko twozana integuro y'ibwirizwa itubahiriza lbwirizwa Shingiro. Uru rwego rero rujejwe gutanga intumbero ku ngingo zafashwe n'ama sentare na parake zaba iz'ivyaha canke iz'amatati mu ntumbero y'ugutunganiriza abituye izo nzego

batashimye ingingo canke izagoranye gushirwa mu ngiro hatirengangijwe cane cane umutekano w'Igihugu. Abashingamateka barabajije ko igihe iyi nteguro y'ibwirizwa izotererwako igikumu n'Umukuru w'Igihugu izoraba imanza zaheze. Umushikiranganji w'ubutungane arasigura ko mu mategeko ingingo iteweke igikumu n'Umukuru w'Igihugu idasubira inyuma ahubwo ija mu ngiro kuva aho itereweke igikumu.

Jean Claude BUMWE

Noheli 2020: Umukuru w'Inama Nshingamateka mw'ishengero ry'Urutare.



Nk'uko Yesu Kirisu yitangiye abantu, niko umuntu wese yari akwiye kubikorera mugenzi we. Ico cipfuzo cashikirijwe n'Umukuru w'Inama Nshingamateka mu nyigisho zabaye igenekerezo rya 25 kigarama 2020, ku munsu mukuru wa Noheli, mw'ishengero ry'Urutare, riri kw'ibarabara ryitiriwe Urutare, muri komine Mukaza, mu gisagara ca Bujumbura.

Nyeniteka Gelase Daniel Ndbirabe akizera ko hamwe ivyo vyoshoboka, iyi sabukuru y'ivuka rya Yesu Kirisu yoba ifise insiguro.

Yaribukije ko mu ntango, Imana yaremye umuntu mw'ishusho yayo. Ariko ngo umuntu yagiye ariyanduzza, yisiga ivyondo, ngo uko bukeye uko bwije, iyo shusho y'Imana igenda ihanagurika, ifudika. Ivyo vyondo ngo vyari ivyaha. Ariko

ngo kubwo urukundo Imana ifitiye abantu, ntiyabahevyeye. Ahubwo Imana yacye yitangira abantu ibicishije ku mwana wayo Yezu Kirisu. « Imana yaturungikiye umwana wayo yigize umuntu. Iyo niyo nsiguro y'iyi sabukuru idasanzwe ». Imana yaraduhaye akarorero k'urukundo rwitanga. Yezu Kirisu ngo yari azi ikimurindiriye inyuma y'imyaka 30 y'ubuzima



bwiwe kuri iyi si. Ari nako gutumirira umwe wese kwiyumvira ico yohindura kugira ntasubire kumwica bunyamaswa. Kuri we, iyo sabukuru ntisanzwe kuko ari ikimenyetso c'uko abantu bakize, ko Imana yatubabariye.

Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe yaremeje ko ingabirano yo kwitangira abandi itahawe bese. Ati hari aho vyashitse yabonye ko hari

abemeye kwitangira abandi. Ngo mu bihe biheze, abari ku butegetsi ico gihe bari bafise abo barwanya. Abashaka ubutegetsi nabo, ngo bari bafise abo barwanya. Yamara, ngo abo bese barwana ata kiguzi, ata mushahara, atacobaronka, ngo uretse gutanga amaraso yabo, ku mpande zose. Ati aba baritangiye abandi; ari nako kudutumirira ko rimwe na rimwe twoza turabibuka.

Mu gusozera, Umukuru w'Inama Nshingamateka yaribukije imburi z'umukozi w'Imana yari yagendeye Uburundi. Yavuze ko Abarundi bahiriwe kubera bafise Umukuru w'igihugu n'umutambukanyi wiwe bakunda Imana, bamenye Imana. Ati Perezida Petero Nkurunziza yari afise ingabirano yo gushika imbere y'Imana agasabira Uburundi n'abenegihugu. Yasiguye ko n'uko ari ukwitanga. Kandi ngo uko kwitanga kurafise ikiguzi. Ico kiguzi naco ngo catanzwe n'urupfu rwa Perezida Petero Nkurunziza. Yarangije abipfura umunsi mukuru mwiza abari aho bese.

Christine NAHIMANA

Umukuru w'Inama Nshingamateka yaragirishije ama nama abarongoye ama koperative Sangwe yo mu ntara za Kayanza na Karusi.

Ku magenekerezo ya 11 na 24 munyonyo 2020, Umukuru w'Inama Nshingamateka yarakoraniye abarongoye ama koperative Sangwe bo ku mitumba yose igize intara za Kayanza na Karusi. Izo nama zikaba zari zitabwe kandi n'uwurongoye ANACOP, urwego rujejwe gukurikirana amakoperative hamwe n'abarongoye ikigega FONIC.

Icagiye kiribonekeza ni uko koperative Sangwe muri izo ntara ziri ku kivi kandi zimaze kubona inyungu. Ariko naho biri uko ingorane zo ntizibuze. Mu ntara ya Kayanza, Buramatari Rémy Cishahayo yamenyesheje ko hari indongozi za koperative zanyurujwe zirya miriyoni cumi koperative zihabwa na Reta



nk'ideni. Abandi nabo hari abananiwe no gukora imigambi myiza baca barahomba, nayo abandi bakaba barabuze amatongo akwiye yo kurimamwo hamwe rero no

kubura ubumenyi bukwiye bwo gutunganya amakoperative.

Mu ntara ya Karusi, koperative Sangwe zifise ingorane zijanye na bamwe mu bazirongoye bagurisha

inka rusangi, hamwe rero n'ikinyabwoya kirya igiterwa c'ikigori. Abarongoye ayo makoperative ngaho i Karusi barafise kandi amakenga ku kijanye n'aho bazoshorera umwimbu wabo. Ikindi caranze Karusi, ni uko n'imbere yaho Reta itari bwabahe za miriyoni 10, abagize amakoperative Sangwe bari basanzwe bikotiriza amafaranga yabo bakayakoresha ibikorwa vyo kugwiza umwimbu.

Muri izo ntara zose, Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe akaba yabahaye ubutumwa bujanye n'akamaro ko gukorera hamwe mu ma koperative, ati nk'uko Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu akunze kubivuga «**Turi Kumwe Twese Birashoboka**». Ikindi yashimikiyeko cane n'ikijanye no gushira hamwe amatongo bakarimira hamwe kuko vyaribonekeje ko bivamwo umwimbu ushimishije. Yarabasiguriye uko bigenda: ati bisaba ko urugo rwose ruzana igice kimwe c'itongo (ikindi kigasigara kugira bakirimemwo ibiterwa mbumbarugo) bakagenda bashira hamwe n'ababanyu, uca uba umurima munini bagaca bateramwo igitegwa kimwe, bishobotse igiterwa njabukamazi, bafashijwe n'abafundi b'indimo baca bakurikirana uwo murima, uca usanga umwimbu wabaye mwiza cane. Reta nayo ica ibaronderera amasoko yo gushorera umwimbu ivyo baba bimbuye, gurtyo umufuko wose ukaronka amafaranga nk'uko bisabwa na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu. Ikindi Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe yabasavye n'uko bokwandikisha amatongo yabo mu gisata c'igihugu kijejwe kwandika amatongo «**Cadastre**» kugira ngo bize biborohere gusaba amadeni mu mabanki.

Nayo kuri barya banyurujye zirya

miriyoni cumi zitangwa na Reta, Umukuru w'Inama Nshingamateka yasavye ko boyasubiza mu maguru



masha mbere bahabwe n'ibihano.

Muri izo ngendo yari arimwo, Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka yaragendeye imirima y'amakoperative atandukanye arima ku buryo bw'akarorero. Mu ntara ya Kayanza Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe yaragendeye umurima w'ibigori ungana n'ihagitari 76 warimwe n'abenegihugu bo muri komine Matongo bashize amatongo hamwe. Uwo murima ukaba uteye igomwe bikaba biboneka ko umwimbu uzobamwinshicane.

Uwundi murima ni umurima w'umuceri Umukuru w'Inama Nshingamateka yaragendeye ukaba ari umwaba uri ku mutumba wa Ruhata muri komine ya Gitaramuka mu ntara ya Karusi, akaba naho nyene ari abenegihugu baturikiye mu makoperative bagiyeye hamwe bashira hamwe amatongo yabo bongera bayarimira hamwe. Uwo murima ukaba ungana n'ihagitari 124. Ibibonekeje kuri uwo murima ni uko amazi ari menshi cane Umukuru w'Inama Nshingamateka akaba yabasavye ko boja hamwe

bakarondera utu mashini twoja turayapompa tuyadugana ku misozi bakayabika bakazoyakoresha mu

kuvomera ibiterwa biteye ku misozi.

Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe yaragendeye kandi mu ntara ya Karusi ihoteri y'akarorero iriko irubakwa n'ishirahamwe Belan Group i Kanazi muri komine ya Bugenyuzi. Mu ntara ya Kayanza naho yaragendeye ikibanza kiri ku Ruganza aho Regideso ihingurira amazi akoreshwa n'igisagara cose ca Kayanza avuye mu ruzi Nakimonyi ruri i Nyakibanda muri komine Kabarore. Ayo mazi akaba ari menshi cane ku buryo asigara agaseseka, akaba yabasavye ko borondera ikintu c'akamaro bokoresha ayo mazi yoye kuguma yononekara.

Arlette AKIMANA

Icegera ca mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yaragendeye abamutoye mu ntara ya Muyinga.

Ku magenekerezo ya 10, 11, 12 na 13 munyonyo 2020, Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka, Umushingamateka Sabina Ntakarutimana ari kumwe n'abashingamateka hamwe n'abakenguzamateka batowe mu ntara ya Muyinga, baragendeye indongozi zo hasi zo mu ntara ya Muyinga kugira ngo babaganirize bongere biyumvire ibivugwa muri iyo ntara yabo.

Kw'igenekerezo rya 10 munyonyo 2020, uwo murwi urongowe n'Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka Sabina Ntakarutimana barishikiye muri Komine Mwakiro. Musitanteri w'iyo komine akaba yamenyesheje ko iyo komine yifashe neza, yamara ingorane nyamukuru bafise yerekeye ingeso yo guharika, inkurikizi yayo n'umudugararo mu miryango, iyo miryango nayo ikaba ari yo soko y'iterambere mu gihugu.



zashikirijwe zijanye no kubura amatara.

Amaze gufata ijambo, Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yarahaye impanuro izo ndongozi zaba izo ku mitumba canke muzindi nzego, abasaba ko bobungabunga umutekano wo soko ry'iterambere, ibidukikije, barwanye iyo ngeso mbi y'uguharika, bijukire kurungika abana mu mashure bongere barwanye ikiza ruhonyanganda SIDA naco kikaba kiva mu ngeso mbi y'ukurenga ibigo, bongere barwanye ca kiza cugarije isi ari co Coronavirus.

Buhinyuza kugira ngo baganire niyo mirwi nyene, babonereho n'ukumenya ibigoye iyo komine. Ku ngorane basanze muri komine ya Buhinyuza, nk'uko vyamenyeshejwe na musitanteri w'iyo komine hiyongerako ubusuma bw'abantu bava mu kibira ca Ruvubu hamwe n'amata y'amatongo. Umushingamateka Sabina Ntakarutimana yahanuye abanyabuhinyuza kubumbatira amahoro, kurawanya ikiza Corona, n'ugukingira ico kibira kuko ari isoko ry'ukuronka ingenzi, bikazana n'ubutunzi muri komine ya Buhinyuza no mu ntara ya Muyinga.

Ku magenekerezo ya 12 na 13, uwo murwi urongowe n'Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka barabandanije ingendo zabo mu ma komine ya Gashoho, Gasorwe, Giteranyi hamwe na Butihinda. Basanze ikomine ya Gasorwe ifise ingorane yisangije yerekeye impunzi z'aba kongomani baguma bagomba kutubahiriza amategako mpuzamakungu ababwiriza kuguma mw'ikambi yabo y'impunzi, bobo ahubwo bagashima kuja kuba mu bisagara. Iyo nyifato kenshi iratera umutekano muke mbere n'abenegihugu bakagira ubwoba, kanatsinda n'amasezerano mpuzamakungu araba impunzi arabibuzza. Izindi ngorane zihanze ayo makomine yose akaba ari zimwe.



Ikibabaje cane ni uko imiryango itandukana, n'abana bagaheba amashure. Izindi ntambamyi

Twobamenyesha ko ku mugoroba w'uwo munsu nyene baciye bagendera iyindi komine ya

Aha twovuga nk'ivyerekeye umuyagankuba, amabarabara mabi, n'uguharika bigisibije mu ntarayoseya Musinga.

Uwo murwi urongowe n'Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka wasavye abenegihugu gukunda amakomine yabo, kwitaho ibikorwa rusangi kuko bashobora kwikorera ayo mabarabara, ibibananiye ba musitanteri bakoreshe ya mafaranga bahabwa na Reta kugira ngo barabe ibikenewe vyihuta babikure mu nzira. Baribukije kwirinda ca kiza Corona batibagiwe gusaba indongozi zaba izo muri komine canke ku mitumba kwama hafi yabo barongoye. Komine ya Giteranyi, ikaba yisangije ingorane zijanye n'uko iyo komine abenegihugu batumviriza iradiyo y'igihugu bigatuma batamenya ibiba mugihugu.

Ntitwokwibagira kumenyesha ko izo komine zose kandi zisangiye ingorane z'amashure adasakaye akeneye amabati, intebe zidakwiye, ugucikira n'ugucikiza na cane cane muri komine ya Butihinda aho hakenye cane umuyagankuba, ayo mabati hamwe n'izo ntebe.

Hariho ikibazo komine ya Musinga yisangije c'uko hariho abantu bihaye ububasha bwo kugurisha amafaranga ku bandi yunguka, bikaba bizana amatati gushika n'aho abantu bagomba kwicana kubera basanga inyungu zabaye umurenge, n'amatongo akagurishwa. Mu guheraheza, uwo murwi urongowe n'Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka wari wageneye amakomine yose y'intara ya Musinga waratanze impanuro z'ukuvavanura n'uguharika, gukora amabarabara uko babishoboye mu

kurindira imfashanyo ya Reta, guharura amabati n'intebe bikenewe bakabishikiriza ubushikiranganji bubijwe n'ukugirisha kenshi amanama y'abenegihugu kugira ngo bareke guharika kandi bakingire ibidukikije n'ukurwanya ibiza vy'ingwara bihanzeisi.

Jean Claude BUMWE

Umwihwezo w'Integuro y'Ibwirizwa rijanye n'iyemezwa ry'amasezerano y'igihugu c'Uburundi yo gufashanya n'igihugu ca Turikiya mu vyerekeye umutekano.



Abashingamateka baripfuzako indege y'ishirahamwe « Turkish airlines » yoza irahuza ibisagara vya Ankara na Bujumbura, nk'uko babishikirije ku munsu wa gatatu, igenekerezo rya 16 kigarama 2020, mu gihe bariko barihweza integuro y'ibwirizwa rijanye n'iyemezwa ry'amasezerano

yo gufashanya hagati y'ibihugu vy'Uburundi na Turikiya mu vyerekeye umutekano, integuro yemejwe ijana kw'ijana. Ku ruhande rwiwe, umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu, Iterambere rusangi n'umutekano yaremeye gushikana ku babijwe ico gisabo c'abashingamateka.

Komiseri mukuru mu giporisi (CPC) Gervais Ndirakobuca yari yabanje gusigura mu mvo n'imvane ko ugufashanya hagati ya Reta y'igihugu c'Uburundi na Reta y'igihugu ca Turikiya kwatsimbatajwe n'imigenderanire hagati y'abategetsi b'ivyo bihugu vyompi, iyugururwa ry'ibiro ry'ubuserukizi bw'igihugu ca Turikiya i Bujumbura kuva muri Ruhuma 2019 mu gihe imbere y'iryo tariki intebe yabwo yari i Kampala mu gihugu ca Uganda, hatibagiwe n'igenwa ry'uwujwe umutekano mu buserukizi bw'igihugu c'Uburundi i Ankara muri Turikiya. Yongeye ko ugushirako umukono ku masezerano yo gushinga ishure kaminuza ry'umutekano, ISP mu mpfunyapfunyo, rikukira urunani rw'amashirahamwe y'amakaminuza y'igiporisi, INTERPA mu ncamake.



Yaribukije ko ayo masezerano yateweko igikumu kuwa 28 ntwarante 2017 mu gihugu ca Turikiya. Yarashimangiye kandi ko ivyo vyose vyakozwe vyari bigamije kunagura ubucuti no kurimbura ibisata vy'iterambere, umutekano, n'ukubaho neza hisunzwe ingingo zo kwubahiriza ubwigenge, ukungana n'inyungu y'ivyo bihugu vyompi.

Ngo hamwe ayo masezerano yo gufashanya mu gisata c'umutekano yemejwe n'Inama Nshikiranganji yo ku wa 21 kigarama 2017, aca aterwako igikumu kuwa 25 mukakaro 2019 i Ankara mu gihugu ca Turikiya yokwemezwa, yoba agamije ahanini kurwaniriza hamwe ibikorwa vy'iterabwoba n'ubukozi bw'ikibi, kurwanya urudandazwa rw'abantu n'abimukira bo mu binywabi, kurwanya urudandazwa n'uguhingura mu kinyegero ibiyayura mutwe, urudandazwa mu kinyegero rw'ibirwanisho n'ibikoresho vyavyo hamwe n'ibisasu, guhanahana amakuru ku vyerekeye ubugizi bwa nabi n'imirimu bijanye. Yabandanije amenyesha ko ayo masezerano azokwerekeza kandi ku kwungurana ubumenyi mu bisata vyoba vyerwa n'umutekano, hisunzwe ubumenyi bw'ibanze, gukarisha ubwenge n'inyigisho za kaminuza ku bakozi bo mu gisata c'umutekano, mbere

bagashika no ku rugero ruhanitse bita mu rurimi rw'igifaransa master na doctorat mu mashure yo mu gihugu ca Turikiya.

Ati mu ntumbero yo gushira mu ngiro ayo masezerano, haratunganijwe amanama n'imibonano hagati y'ivyo bihugu vyompi kugira basuzume akarusho kayakomokako, binashobotse, banategukanye inzira zo gutsimbataza ugufashanya hagati y'ivyo bihugu bibiri. Ari nako gusozera amenyesha ko ayo masezerano aje inyuma y'aho



ibihugu vy'Uburundi na Turikiya vyemeje amasezerano yo gufashanya mu vyerekeye ubutunzi n'urudandazwa nk'uko biri mw'ibwirizwa n°1/15 ryo ku wa 15 myandagaro 2017, ryateweko

igikumu ku wa 27 myandagaro 2015 i Ankara mu gihugu ca Turikiya.

Bafatiye ko ivyo bihugu vyompi biri kure na kure, hari abashingamateka babona ko ayo masezerano mu gisata c'umutekano ataco azoshikako.

Mukubishura, babanje kubibutsa ko ubwigenge kw'igihugu butegerezwa kwubahirizwa. Vyongeye, ngo abagizi ba nabi baranyaruka kuruta inzego z'umutekano. Kanatsinda, abo babisha bahindura ku munsu ku munsu ubuhinga. Ngo nayo ubundi, iyaba ukutegerana hari ico vyica, ngo ntawotahuye ingene inteko zo mu gihugu c'Ubufaransa zoba kurwanya mu karere ka Afirika wa murwi w'iterabwoba wa Boko Haram.

Abitorewe n'abenegihugu barabajije bati : « Hamwe vyoshika Umurundi agakora icaha mu gihugu ca Turikiya imbere yo gutahuka, yojanwa guhanirwa aho ico caha cabereye » ? Izo mpungenge zatewe n'uko muri Turikiya hakiri igihano c'urupfu, Uburundi nabwo bukaba bwagisezereye. Uwo murundi yohanishwa ico gihano ?

Kubwa CPC Gervais Ndirakobuca, nta gihugu na kimwe kirungika umwenegihugu waco gucirirwa urubanza mu kindi gihugu. Ati yohanwa hakurikijwe amategako y'Uburundi. Yamara, ngo inyifato

yohinduka mu gihe uyo murundi yofatanwa itonga akiri muri Turikiya nyene.

Turetseko abashingamateka bakeje CPC Gervais Ndirakobuca ku gikorwa c'iteka ubushikiranganji arongoye bwakoze mu gucakira abigeme n'abakenyezi 101 bagira baje mu gihugu c'abarabu muri Oman, abashingamateka barongeye baranamutera intege zo kurandurana n'imizi urwo

rudandazwa rw'abantu ruba benumurango babona. N'ikimenyamenya ngo ni uko impapuro z'inzira bazironka ukuri kwamye.

Iyo ntumwa ya Reta yaboneyeho gushikiriza ko mu mwiherero wa Reta uheruka, Umukuru w'Igihugu yavuniye akagohe ubushikiranganji bujeje imigenderanire n'amakungu, ko boshira umukono ku masezerano y'ukwumvikana

n'ivyo bihugu kugira Uburundi bumenye iyo abenegihugu babwo baroye, gurtyo vyorohe kubakurikirana. Vyongeye, ngo ubushikiranganji bubijeje buritwararitse itunganywary'akazi.

Christine NAHIMANA

Integuro y'ibwirizwa inomeru 1/...yo ku wa ...2020 ijanye n'ishirwaho ry'itunganywa ry'inzira imanza z'amatati zikurikiza rijanye n'isubizwaho ry'urwego rw'intahe yo kumugina

Imanza nyinshi mu Burundi, usanga ziburanwa n'ababanyi kandi imiryango igasesagura ubutunzi

kugirango wunguruze.

Kucerekeye yuko iyi nteguro yoba itegukanya ingene abazoya muri urwo

nteguro y'ibwirizwa n° 1...../ yo kuwa20220

Umushikiranganji w'ubutungane yamenyesheje ko iyo nteguro y'ibwirizwa itibagiye kwisunga wa mugambi w'igihugu ujeje iterambere w'2018-2027 utunganya imbono y'igihugu c'Uburundi. Kandi iyi nteguro y'ibwirizwa ikaba yarisunze itegeko bw'irizwa nimeru 1/004 nzero 1987 ryashira imbere kumvikanisha abafitaniye amatati kurusha gukurikiza amtegeko uko yanditse.

Abashingamateka baragize amakenga ko mu Burundi ubutungane bwoba butigenga bafatiye ko urwo rwego wogira ngo n'urwa politike, ariko rero Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe akaba yarahumuriye ba nyakubahwa abashingamateka, abamenyesha ko mu Burundi ubutungane bwigenga kuko bumaze gutunganiriza benshi naho ibibazo bitabuze muri ubwo bushikiranganji.

Ku cerekeye ko urwo rwego rutoba ari rumwe n' urwo abashingantahe, umushikirangaji w'ubutungane yamenyesheje ko rurya rwego rw'abashingantahe arico kimwe n'ayandi mashirahamwe yemezwa mu bushikiranganji bw'intworo yo hagati ko rero uru rwego rw'abahuza bo ku mutumba rugengwa n'iyi nteguro y'ubushikiranganji bw'ubutungane



bwayo mu kuguma bunguruzwa kandi batwara n'amasura, benshi bakabikora mu ntumbero y'ugutesha umwanya abo baburana kandi ata kuri bafise. Ni muri iyo ntumbero Reta y'Uburundi yafashe ingingo y'ugusubizaho intahe yo ku mugina kuko bizotuma imanza nyinshi zahora zitebera mu ma sentare zihera ningoga kandi abantu badasesaguye uburyo bwabo kuko burya ukuri kuzwi n'abanyamutumba kandi mu migenzo y'abarundi biragora kubesha mukibano kuko baca bagucira umukenke. Rero ya masura ababuranyi baja baratwara azoca agabanuka kuko mu kwunguruzwa urubanza, urwo rwego rwo ku mutumba nirwo ruzoguha icegeranyo

rwego bashirwaho, umushikirangaji yamenyesheje ko iyo nteguro itegukanya ingene bajaho kuko bazotorwa mu benegihugu baravye ubwizigirwa bwabo na cane cane kuba uri imvuga kuri, kuba usanzwe uzwi neza ku mutumba kandi ko na barya batowe barekuriwe kwitoza mugabo ko hagize uwutorwa aca asubirizwa muri ayo mabanga yarimwo yo kurongora abandi ku mutumba. Kucerekeye naho yuko iyo nteguro y'ibwirizwa yoba itegukanya ivy'ubwoko canke ibitsina, Umushikiranganji w'ubutungane yamenyesheje ko ivyo bizotegekanywa n'integuro y'ibwirizwa y'ubwo bushikiranganji ishira mungiro iyo

kandi ko aba bahuza bo ku mutumba bazoronswe agashirukabute buri kwezi kandi kazotegekanywa n'integuro y'itegeko rizoshira mu ngiro iyi nteguro y'ibwirizwa. Abo bahuza bo ku mutumba bakazohora basasa mu matati ari batanu batanu, bisigura ko hazohora haba amasasa atatu kuko abo bahuza ari cumi na batanu buri mutumba wose mu gihugu. Abashingamateka bakaba barabajije ko abo bahuza boba bafise uburenganzira bumwe n'abandi bacamanza. Umushikiranganji w'ubutungane akaba yamenyesheje ko, abo bahuza badafise uburenganzira bumwe kuko n'ingene baja mu mabanga yabo atari kumwe, kandi ko n'amategeko abagenga atari amwe. Ati n'ingene bava mu mabanga sico kimwe kandi n'amakosa atuma bayavamwo si amwe. Umushikiranganji akaba yaragarutse no kucerekeye ubutunzi bw'igihugu buzohatorera akoyoko kuko hariho imanza nyinshi zahora zisaba ko mukuzishira mu ngiro abacamanza bategerezwa gutwara uburyo kuko bisaba imodoka ibatwara hamwe n'impamba yabo, ariko kubera imanza



nyinshi zizohereza ku mutumba, imanza zo gushira mu ngiro nazo nyene zizoca zigabanuka; Bikazotuma ubwo buryo rero bwahora butangwa bugabanuka. Abandi bashingamateka barabajije niba iyi nteguro y'ibwirizwa itoba ije kuvuguruzwa irindi bwirizwa rigenga inama ya komine kuko yoyo ivuga ko barya batowe ku mutumba aribo bajejwe ibikorwa vyose bibera ku mitumba yabo. Umushikiranganji

w'ubutungane Nibizi Janine akaba yamenyesheje ko iyi nteguro y'ibwirizwa ije kwerekana rero aho bamwe bose ububasha bwabo bugarukira kuko n'iyi nteguro ivuga ingene itorwa ryabo, n'ingene batarengera izo nzego zo ku mutumba ariko baraba ivyerekeye imanza z'amatatigusa.

Jean Claude Bumwe

Umwihwezo w'integuro y'Ibwirizwa rijanye n'ukwemeza Amasezerano y'i Manamata yerekeye ubutare bwa

« mercure »

Ku munsu wa mbere, igenekerezo rya 26 gitugutu 2020, Abashingamateka barize bongera baremeza ijana kw'ijana Integuro y'ibwirizwa ijanye n'iyemezwa ry'Amasezerano y'i Manamata yerekeye ubutare bwa « mercure ».

Amasezerano y'i Minamata yemejwe n'ibihugu vyo kw'isi mu mwaka w'2013, mu gihugu c'Ubuyapani, mu muji wa MINAMATA, ajanye no gukuraho burundu ikoresha ry'ubutare bwa « mercure »; nk'uko vyashikirijwe, mu mvo n'imvano, n'umushikiranganji w'ibidukikije, uburimi y'ubworozi. Déo-Guide Rurema yasiguye ko vyaragaragaye ko ivyuka bibi biva kw'ikoresha ryabwo rifise ingaruka mbi ku

buzima bw'abantu n'ibidukikije. Ubwo butare burakoreshwa cane cane kwa muganga, mu bijanye no gucukura ubutare, no mu mahinguriro.

Kubera rero ingaruka mbi y'ivyuka

biva mw'ikoresha ry'ubutare bwa « mercure », amakungu yaciye ava hasi ashiraho amasezerano ya Minamata, kugira akingire ubuzima bw'abenegihugu n'ibidukikije.

Igihugu c'Uburundi naco kikaba



kirabwa n'ayo maezerano mpuzamakungu, kubera abenegihugu baco bahura ku munsu

butarekuwe n'amategeko. Ni ikirikora, ngo bagenda kugura ubwo butare mu kinyegero, bakongera

ntumbero abashingamateka babajije ko ata kuntu Reta yopima canke naho igashinga ikigo co gukura ubumara mu benegihugu bagiye barakoresha ubwo butare?

Kubw'umushikiranganji w'ibidukikije, uburimiye n'ubworozi ati aho nyene niho hobonekera akarusho, hamwe igihugu cokwemeza ayo masezerano y'i Manamata.

Mwumenya ko ayo Masezerano yasinyiwe i Kumamoto, mu gihugu c'Ubuyapani, kuwa 10 Gitugutu 2013, inyuma y'impinga ndende y'umurwi washinzwe ibiganiro hagati y'ama Reta wakoraniye i Stocckhom (muri Suwedi), i Chiban (mu Buyapani), i Nairobi (muri Kenya), Punta Del Este (muri Uruguay), n'i Genève (mu Buswise), mu kiringo co 2010 kugera mu 2013. Ayo Masezerano yitiriwe Manamata, kuko muri ico gisagara vyagiye kuboneka inyuma y'imyaka 30, ko abenegihugu baguma bitaba Imana, bagiye kuraba basanga n'imicafu irimwo « mercure » bazanye muri ico gisagara, hanyuma igenda ija mu mazi, ija mu mafi, abantu batangura kwihereza amafi arimwo ubwo bumara bw'ivyuka vya « mercure », hanyuma bakabona bariko baritaba Imana ku rugero rurengeje. Niho rero abashakashatsi bagiye kurondera igituma bagasanga n'ubwo bumara buvuye ku vyuka vya « mercure », ayo mafi yagiye arafata.

Christine NAHIMANA



ku munsu n'ingaruka mbi ziva ku vyuka bituruka ku bikoresho biva kuri ubwo butare bwa « mercure », bigatuma n'abantu barwara indwara zitandukanye, nk'indwara zifatira mu bwonko, amahaha, amaso, urukoba, ukwirwanirira k'umubiri, n'ibindi.

Kuri ivyo, abashingamateka baboneyeho kuburanira abacukura inzahabu bo muri komine ya Butihinda iri mu ntara ya Muyinga. Kubw'abo baserukira abenegihugu, imiryango y'abo bahisi irakwiye gushumbushwa. Abo bahisi ngo bahitanywe n'ubumara buva mu butare bwa « mercure », kuko bakoresha ubwo butare batazi ingaruka mbi zabwo.

Umushikiranganji Déo-Guide Rurema yarabakuriye inkoni ku gishitsi. Boshumbushwa na nde? Na Reta? Yari yabatumye? Honyene, ngo bacukura izo nzahabu mu buryo

bakabukoresha mu kinyegero nyene. Ari nako kugaragaza ko Reta ata ruhara na rumwe ibifisemwo.

Bafatiye ku ntererano igera ku rugero rwa 0.01 kw'ijana (0.01%), abashingamateka barashikirije amakenga bafise kuri iyo ntererano ataco ivuze, mu gihe ata buryo bwashinzwe mu mirimo y'ubunyamabanga. Mbega igihugu kiriteguriye kwama kiriha intererano mu gihe yoduzwa? Canke naho, hamwe intererano yosumba inyungu, inyifato y'Uburundi yoba iyihe?

Iyo ntumwa ya Reta yarabahumuriye, ati ako gatererano, uko kangana kose, kashinzwe gusa ku bihugu bikiri mu nzira y'amajambere.

Ingaruka mbi zitewe n'ubutare bwa « mercure », ubu ntizikiri agaseseshwarumuri. Ni muri iyo

Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yararanguriye ibikorwa bitandukanye mu ntara ya Muyinga.

Ku munsu wa gatandatu igenekerezo rya 10 gitugutu 2020, Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka Umushingamateka Sabina

Ntakarutimana, yaragendeye intara ya Muyinga asanzwe avukamwo, aho yahakoreye ibikorwa bitandukanye.

Mu gitondo ca kare c'uwo munsu wa

gatandatu, umushingamateka Sabina Ntakarutimana yazindukiye ku mutumba avukako wa Gasuru muri komine Gasorwe aho yifatanije n'abenegihugu mu bikorwa



vy'iterambere rusangi. Ivyo bikorwa bikaba vyari ivyo kwegeranya amatafari bayegereza ahariko harubakwa inyubakwa izokoreramwo umukuru w'umutumba n'abamufasha muri ayo mabanga.

Icegera ca Mbere c'Umukuru w'I nama Nshingamateka yamenyesheje ko, nk'uwatowe n'abenegihugu, ategerezwa kwama abagendera kugira ngo abafate mu mugongo mu bikorwa vy'iterambere. Ati iyi nyubakwa ni ngirakamaro cane kuri uyu mutumba kuko umukuru w'umutumba yahora yakirira abenegihugu mu nsi y'ibiti, ati vyamugora kwakira abantu cane cane mu gihe c'imvura, ikitibagiwe co n'ikijanye n'impapuro n'ibindi bikoresho bitaba bifise aho bibikwa. Vyongeye ati ubu ho Reta igomba

igarukane intahe yo ku mugina, n'abagize iyo ntahe bazoca baja barakorera muri ivyo biro. Akaba

amaboko n'inguvu zabo, mu kwubaka ivyo biro. Akaba kandi yarabasavye gukorera cane muri ya



yarangije asaba abenegihugu bo ngaho mu Gasuru kubumbatira amahoro n'umutekano no gutanga intererano yabo, naho yoba

ma koperative Sangwe yo ku mitumba kugira bateze imbere imiryango yabo. Inyuma y'ivyo bikorwa rusangi, Icegera ca Mbere

c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yaciye aja kugendera zone Cumba iri muri komine ya Muyinga. Aho i Cumba yari agiye arongoye umurwi w'ababashingamateka n'abakenguzamateka batowe ngaho nyene mu ntara ya Muyinga, bagiye kugendera abenegihugu bo mu bwoko bw'abatwa bo muri site ya Ruganirwa bahuye n'ivyago aho imvura yaheruka kugwa irimwo umuyaga mwinshi yatwaye amabati y'inzu babamwo.

Abobashingamateka n'abakenguzamateka bakaba bari bagiye babashiriye ibifungurwa. Zose hamwe rero zikaba ari inzu 21 zagurutse ngaho muri iyo site hamwe n'izindi 29 zagurutse mu kibano kuri uwo musozi nyene.

Nk'uko vyashikirijwe n'uwurongoye zone Cumba, indongozi zitandukanye ziramaze kugendera abo benegihugu bo mu bwoko bw'abatwa kuva ivyo vyago bibashikiye, harimwo mbere n'Umushikiranganji ajejwe ivyo gushigikirana no gufatana mu nda yabazaniye amabati. Ariko iyo yindi miryango 29 yo mu kibano ntaco iraronswe arico gituma iguma yidoga ko yibagiwe. Uwo mutware akaba yasavye ko n'iyi miryango 29 nayo nyene yogarukirwako.

Umushingamateka Sabina Ntakarutimana yasavye abo benegihugu gushigikirana, abafise vyinshi bahe abadafise, ku buryo ata wurara ubusa mugenziwe araye ahaze. Ariko kandi yarabahimirije kuja ku kivi, baje ku bikorwa na cane cane ubu imvura yamaze gutasura, asaba kandi abajejwe intwari gutera ibiti vyinshi muri ako karere ku buryo imvura naho yoba ije ifise inguvu nyinshi itosubira gutwara amabati. Aca abemerera ko ico gisabo c'abo 29 batararonka amabati agiye kugishikana ku bo vyega.

Inyuma y'aho i Cumba, Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yaciye aja ku murwa mukuru w'intara ya Muyinga, aho yitavye inama y'imvukira yateguwe na Buramatari



w'iyi ntara. Bashimikiye ku bijanye n'iterambere ry'intara muri rusangi na cane cane ku mugambi wo kwubaka igorofa igeretse kabiri izoba ari ibiro vya Buramatari.

Buramatari w'iyi ntara ya Muyinga akaba yabanje gushikiriza ko umutekano wifashe neza mu ma komine yose, uretse ko rimwe na rimwe haza haribonekeza ububisha, urudandazwarutemewe n'amategoko, ubusuma bwo mu mazu, n'impunzi zo mu ma kambi ya Musasa na Gasorwe zija zirava mu ma kambi ziza kuba mu gisagara ca Muyinga zitabifitiye impusha. Ku bijanye n'indero naho, Buramatari wa Muyinga arashima ikibanza ca kabiri intara yatahukanye muri ca kibazo ca Reta co mu mwaka w'icenda. Nayo ku cerekeye amagara y'abantu, yavuze ko hari indwara itaramenyekana y'ibikomere imaze imisi yibonekeza mu ma komine ya Giteranyi na Butihinda. Bakaba baciye baja ku gikorwa nyamukuru kijanyane no kwubaka igorofa Buramatari

azokoreramwo, aho imirwi itandukanye yashinzwe kugira ikurikirane ico gikorwa yongere inegeranye uburyo bungana n'umuliyaridi umwe n'imiliyoni 200 akenewe mu kwubaka iyo


nyubakwa. Ivyo bikorwa bikaba bizomara imyaka ibiri.

Icegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka akaba yahamagariye umwe wese mu mvukira, eka mbere n'abagenzi b'intara ya Muyinga kwumva ko ibijanye n'iyi nyubakwa bimuraba, eka mbere muri rusangi ibijanye n'iterambere ry'intara yose. Na kare Nyenicubahiro Umukuru w'Iguhugu yama abivuga « **TURI KUMWE TWESE BIRASHOBOKA** ».

Yarabahimirije kandi kuja baradoma urutoko kuri uwo wese babonye agomba guhungabanya umutekano. Yabahamagariye kuja ku kivi kugira umwe wese atange intererano yiwe kugira ngo iyo nyubakwa ibe ishusho koko y'intara ya Muyinga.

Arlette AKIMANA

Umukuru w'Inama nshingamateka yarahaye umubonano
Umukuru w'umurwi ujejwe kumenya ukuri no
kunywanisha abarundi, CVR.



Gushikiriza icegeranyo c'ivyaranguwe n'umurwi ujejwe ukuri no kumwanisha abarundi CVR mu mwaka w'2020, iyo niyo yari intumbero y'umubonano Umukuru w'Inama nshingamateka, Nyeniteka Gelase Daniel Ndabirabe yahaye Umukuru wa CVR, Ambasaderi

Pierre Claver Ndayicariye, ku munsu wa gatanu, igenekerezo rya 18 kigarama 2020, nk'uko vyashikirijwe n'Umukuru w'uwo murwi.

Mu kiganiro yahaye abamenyeshamakuru inyuma y'uwo mubonano, Ambasaderi Pierre Claver Ndayicariye yaramenyeshye ko yizeye gushikiriza ido n'ido ibiri

muri icyegeranyo abashingamateka n'abakenguzamateka bahurikiye mu koraniro ryabo, mu ntango ya nzero 2021.

Christine NAHIMANA



INAMA NSHINGAMATEKA

UMUKURU W' IYANDIKIRO

ABANDITSI

AMASANAMU

J. Bosco NDAYIZEYE

Arlette AKIMANA
J.B claude NIJIMBERE
Christine NAHIMANA
J. Claude BUMWE

Richard NDAYISENGA
David Mwami KWIZERA